ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№68 (24.818) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 6, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

## Къурмэн хьид махуэ лъапІэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм щыпсэухэм йохъуэхъу

Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм сохъуэхъу Къурмэн махуэ лъапІэмкІэ.

А махуэщІыр гъэнщІащ цІыхупсэр зыгъэдахэ, зыгъэнэху гурыгъу-гурыщІэхэмкІэ. Ислъам диным и псэкупсэ лъабжьэ быдэм и щыхьэту, абы дэтхэнэми и гупсысэхэр хуеунэтI цІыхур фІыуэ лъагъуным, гущІэгъур, дэхуэхам дэІэпыкъуныр, псапэр, захуагъэр, тэмакъкІыхьагъыр, зэгурыІуэныгъэр игъэнэхъапэу дунейм тетыным.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муслъымэнхэр дапщэщи хущІокъу цІыхум лъапІэныгъэу къилъытэхэр хъумэным, хэлъхьэныгъэ ин хуащI ди щІыналъэм щыпсэухэм я зэхуаку зэгурыІуэныгъэ, зэкъуэтыныгъэ, мамырыгъэ, шыІэныгъэ, пщІэрэ нэмысрэ дэлъыным, зыщыщ лъэпкъырэ зэрахьэ динрэ емылъытауэ.

ПщІэшхуэрэ фІыщІэрэ яхуэфащэщ унагъуэр гъэбыдэным, щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным зи Іуэхущ1афэхэр хуэзыунэтI муслъымэн зэгухьэныгъэхэм.

Нэхугъэ гуапэ зыпкърылъ нобэрей махуэшхуэм ди республикэм щыпсэухэм къыфхудрекІуэ узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ. Къурмэн хьидым дэтхэнэ унагъуэми фІыгъуэ, гуфІэгъуэ, къэкІуэнум хуэгъэза фІэщхъуныгъэ дахэ къыфхуихьыну си гуапэщ.



## ПсэукІэр ефІэкІуэным хуэунэтІауэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Урысей зэкъуэт» партым и лІыкІуэу УФ-м и Къэрал Думэм щыІэ депутат Родинэ Викторие лэжьыгъэ Іуэхукlэ хуэзащ.**

ПРЕЗИДЕНТЫМ игъэува къалэнхэр зэрагъэзащІэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым социальнэ, щІалэгъуалэ политикэр зэрыщекІуэкІым тепсэлъыхьащ зэІущІахэр. КъинэмыщІауэ, цІыхухэм я щхьэ Іуэхукlэ зыкъызэрызэхуагъазэ лъэІухэр зэгъусэу хузэфІагъэкІынымкІэ зэгурыІуахэщ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэмрэ я унагъуэхэмрэ зэрызыщІагъэкъуапхъэм. Викторие Сергей и пхъум Іэтащхьэр щыгъуазэ ищІащ а лъэныкъуэмкІэ щІэуэ къащта хабзэхэм. Ахэр епхащ медицинэ дэІэпыкъуныгъэм, дзэ Іуэху хэхам хэтхэм ІэщІагъэ, щІэныгъэ, лэжьыгъэ зрагъэгъуэтыныр ящыгъэпсынщІэным.

Депутатыр школ зыбжанэм щыІащ, псалъэм папщІэ, еджакІуэ 500 щІэхуэу Прималкинскэ къуажэм дызэрыт зэманым щаухуэм.

КІуэкІуэ Казбек Родинэ Викторие фІыщІэ хуищІащ ди республикэми къэралми щыпсэухэм я псэукІэр ефІэкІуэн, хабзэубзыху лэжьыгъэу зэфІигъэкІхэм папщІэ. ЕхъулІэныгъэ иІэу и ІэнатІэр ирихьэкІыну ехъуэхъуащ.



## ЗыгъэпсэхуакІуэхэр къыдахьэх

**КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыр дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий. Абы щыхэплъащ Іуэхугъуэ 13-м.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щІы, мылъку Іуэхухэмкlэ и министр **Тэхъу Аслъэн** къызэхуэсахэм я пащхьэ кърихьащ «Кавказ Автосити» АО-м и мылъкур зыри къыпэмыкІуэу къэралым зэрыритынум теухуа правительствэ унафэм и проектыр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм туризмэм зегъэужьыным теухуауэ щагъэзащІэ къэрал программэм халъхьэжыну зэхъуэкІыныгъэхэм я гугъу ищІу къэпсэлъащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр **Быф Аскэр**. Апхуэдэуи ар къытеувыІащ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ зыбжанэм.

КъБР-м мэкъумэш Іуэхухэмкlэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн** ди республикэм щащэ ерыскъыпхъэхэм епха шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и гугъу щищІым къыхигъэщащ абы кІэлъыплъынымкІэ къулыкъущІапІэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр зыхэт лэжьакІуэ гуп къызэгъэпэщыным теухуа унафэм и проектыр зэрыхьэзырыр.

Лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм ядэІэпыкъунымкІэ Правительствэм дэлажьэ къэпщытакІуэ гупым ящыщ зэрыхагъэкІым, нэгъуэщІ ІэщІагъэлІхэр зэрыхагъэхьэм зэІущІэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министр **КІурашын Анзор**.

КъБР-м и Правительствэм къищтэнухэм теухуа унафэхэр, щыІэхэм хэлъхьэжын, дыщІагъужын хуейхэм теухуа Іуэхугъуэхэр щызэпкърахащ зэІущІэм.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## Зеубгъу къэрал дэІэпыкъуныгъэм

**2025 гъэм и щІышылэм - мэлыжьыхьым къриубыдэу УФ-м и хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэу сом мелард 236-рэ иратащ. Ар сом мелард 70-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм нэхърэ. 2024 гъэм МСП Корпорацэм а ІэнатІэхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэу яхухихар псори зэхэту сом триллион 1,2-рэ хъуащ. УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максим ар щыжиІащ МСП Корпорацэм и унафэщІхэм я советым иригъэкІуэкІа зэІущІэм.**

«УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я нэІэ щІэт зэпытщ хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ. Правительствэм и комиссэм мыгувэу щызэхуэсыну зэІущІэм къыщаІэтынущ МСП-м зегъэужьыным ехьэлІа Іуэху куэд, иужькІи Санкт-Петербург щызэхэтыну дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм дызытепсэлъыхьынухэм я нэхъыщхьэу ар щытынущ. Кредит къэпщтэну гугъу щыхъуа иджырей зэманым МСП Корпорацэм хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ сом триллион 1,2-кІэ защІигъэкъуащ нэгъабэ. Дызэрыт илъэсым и япэ мазищым а дэІэпыкъуныгъэм процент 30-кІэ щІрагъэгъуащ, абы ипэ ита илъэсым яхузэфІэкІам елъытауэ», - къыхигъэщащ Решетниковым.

Къапщытэж пІалъэм кърибыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ къэрал дэІэпыкъуныгъэу яІэрыхьар сом мелард 0,33-рэ хъуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пІалъэм нэхърэ процент 2-кІэ нэхъыбэу.

Къэрал дэІэпыкъуныгъэхэр УФ-м и МСП-м и ІэнатІэхэм ират «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ икІи 2030 гъэм ирихьэлІэу сом триллион 1,3-м ар нэгъэсын мурадхэр щыІэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



## «Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ!

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ! 2025 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пІалъэр мэкъуауэгъуэм и 23 пщІондэ екІуэкІынущ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ. Ди ныбжьэгъу пэжу адэкІи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкІэ къыдэкІ газет закъуэмкІэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, фигу къыдогъэкІыж «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэр:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1081-рэ кІэпІейкІэ 56-рэ;

фэ езым пощтым къыщеІыфхыжынумэ - сом 987-рэ кІэпІейкІэ 54-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и ІуэхущІапІэ псоми.

**Ди индексыр П 5894.**

# ПлъапIэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ

**Жыг хадэхэр**

**Дызыхуэкlуэ илъэситхум къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм лэжьэн щыщIадзэнущ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэраклуэ лIэужьыгъуэхэмрэ къэзыгъэкl, абыхэм елэжь Iуэхущlапlи 10 - 11-м, иджырей жыг хадэхэр зыгъэтIысхэр яхэту. А пэхуэщIэхэм инвестицэ ахъшэу псори зэхэту сом мелард 20,5-рэ текIуэдэнущ.**

МИНВОДЫ къалэм щекlуэкla Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм «Урысеймэкъумэшбанкым» и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Сокъур Алим щытепсэлъыхьащ пхъэщхьэмыщхьэ, мэраклуэ лIэужьыгъуэхэр зыгъэкIэм, абыхэм елэжьхэм зэрызауж щIыкIэмрэ ирагъэгъуэт дэIэпыкъуныгъэхэмрэ зыхуэдэм.

«Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэраклуэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэр Урысейм щыпэрытщ икIи КИФЩI-м и щIыналъэхэм къыщрахьэлIэж продукцэм и куэдагъым илъэситху къэс ику иту процент 30-кIэ хагъахъуэ. Языныкъуэхэм дежи а бжыгъэр нэхъыбэ щыхъуи щыIэщ. Кавказ Ищхъэрэм щыщыIэ дуней щытыкIэм жыгхадэгъэкIхэм Iэмал къарет я IэнатIэм зрагъэужьыну, иджырей технологие ехьэжьахэр къыхашэну, я лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну. Сом мелард 20,5-рэ зи уасэ пэхуэщIэхэм гугъэ дагъэщI илъэс къэс хэхъуэу пхъэщхьэмыщхьэ тонн мини 125-рэ къыдатыну, икIи, шэч хэмылъу, жыг хадэщIэхэр дгъэтIысынущ, ипэIуэкIэ хэтсахэми гъавэ бэв къатын щIадзэнущ», - къыхигъэщащ Сокъур Алим.

Жыг гъэкIын IэнатIэм зиужьыным сэбэп хуохъу пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэр куэду зэраухуэр, абыхэм екIуалIэ гъуэгу инфраструктурэм зэрызрагъэужь зэпытыр. Пхъэщхьэмыщхьэ къепхъэлIэжар щыбгъэтIылъын щIыпIэ уиIэмэ, и чэзум ар хъумапIэм пхуешалIэмэ, ар кIуэдынкIэ е зэIыхьэнкIэ шынагъуэ щыIэкъым, абыи лъэр егъэжан, жиIащ банкым и унафэщIым.

Дызыхуэкlуэ илъэситху-хым къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм щаухуэнущ пхъэщхьэмыщхьэу псори зэхэту тонн мин 254-рэ зыщIэхуэну хъумапIэхэр икIи гугъэ щыIэщ инвестицэ ахъшэу сом мелард 39-м нэблагъэ абы къыхалъхьэну. Лэжьыгъэхэр нэхъыбэу щекIуэкIынур Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэрщ.

Къэралым пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэраклуэ лIэужьыгъуэхэмрэ къэзыгъэкl, абыхэм елэжь и Iуэхущlапlэхэм «Урысеймэкъумэшбанкым» сом мелард 20,4-кIэ мы гъэм защIигъэкъуэнущ, абы щыщу сом меларди 5,2-р КИФЩI-м къылъысынущ (е ахъшэм и процент 25-р). 2024 гъэм банкым яхуиутIыпщащ сом меларди 3,5-рэ, абы щыщу сом меларди 2,2-р Кавказ Ищхъэрэм и жыггъэкIхэм къалъысащ (е абы и процент 63-р).

Къыхэдгъэщынщи, «Урысеймэкъумэшбанкыр» зэрылажьэ зэманым къриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэраклуэ лIэужьыгъуэмрэ пыщIа пэхуэщIэ 357-м хэтащ, абы щыщу 57-р КИФЩI-м ейуэ.

Мыдрейуэ, инвестицэ ахъшэм и Iыхьэ щанэр – сом меларди 7,4-р - нэхъыбэу зыхалъхьэр мыIэрысэ жыг хадэрщ. А унэтIыныгъэри къэралым япэ иригъэщхэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ, 2028 гъэм ирихьэлIэу УФ-м и щIыхуэр зрикъунум хуэдиз пхъэщхьэмыщхьэ кърахьэлIэжын щIадзэну къалэн зыхуагъэувыжащ.

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и плъапIэщ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэраклуэ лIэужьыгъуэу тонн мелуани 2,1-рэ дызэрыт илъэсым кърахьэлIэжыну, 2024 гъэм яхузэфIэкIар тонн мелуан 1,9-рэщ. 2030 гъэм а бжыгъэр мелуани 3-м нагъэсын мурадхэри щыIэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Джатэ и къуэ Елмырзэ

**ТекIуэныгъэ-80**

**Мы гъэр ди къэралым щагъэуващ Хэкум и хъумакIуэмрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ я илъэсу. Ар Iэтауэ гъэлъэпIэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ, нобэ щокIуэкI ди Хэку иным и щIыналъэ псоми. Iуэхум жыджэру хэтхэм ящыщщ курыт школхэм я еджакIуэхэр. НыбжьыщIэхэм еш ямыщIэу къаугъуеиж я Iыхьлыр благъэу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я гъащIэм, мафIае илъэсхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, яхэлъа бэшэчыгъэмрэ шыIэныгъэмрэ ятеухуа хъыбархэр. Апхуэдэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм ящыщщ нобэ щыгъуазэ фызыхуэтщIыр. Ар иригъэкIуэкIащ Налшык дэт гимназие №4-м и 6-нэ классым щIэс Щынахъуэ Алинэ. Тхыгъэр зытеухуар Хэку зауэшхуэм и лIыхъужь, абы и ветеран, Алинэ и анэм и адэшхуэ Къардэн Елмырзэ Джатэ и къуэращ.**



«СЫТ хуэдэ лъэхъэни зауэр къэхъукъащIэ шынагъуэщ, къызэрымыкIуэщ, цIыхупсэмрэ цIыхугумрэ зыгъэпIейтей, къизыгъэузыкI Iуэхугъуэщ. 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр зылъэмыIэса имысами ярейщ совет къэралышхуэм. Ди унагъуэшхуэми къытлъэIэсащ а мафIэр. Ди лъэпкъым щыщу хэти зауэ IэнатIэм псэемыблэжу Iутащ, адрейхэр фронтым и щIыбагъкIэ я къару щымысхьу щылэжьащ. А лъэхъэнэм IэнатIэ хьэлъэ езыхьэкIахэм я гъащIэр дэ, иджырей щIэблэм, ди дежкIэ щапхъэщ, дызэрыпсэун хуейм и гъуэгугъэлъагъуэщ.

Ди къэралым и щхьэхуитыгъэр зыхъумахэм, ТекIуэныгъэр совет цIыхубэм къахуэзыхьахэм яхэтащ си анэм и адэшхуэ Къардэн Елмырзэ Джатэ и къуэр (1914 - 2006). Зауэм и лыгъейм хэтащ ди дадэшхуэр икIи, и насып къихьри, ТекIуэныгъэ Иныр илъэгъуащ, мамыр гъащIэми щыпсэужащ. Езыр димыIэжми, дэ къытхуэнащ Елмырзэ-дадэ теухуа гукъэкIыжхэр, сурэтхэр, зауэм, абы иужькIэ къратауэ щыта дамыгъэ лъапIэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри унагъуэм сакъыу щыдохъумэ, пщIэ худощI. Сэ сцIыхуакъым си анэм и адэшхуэр, ауэ яIуэтэжу зэхэсха хъыбархэм япкъ иткIэ, пщIэ хузощI и фэеплъым, абы теухуа гукъэкIыжхэр си гущIэм щызохъумэ.

Къардэн Елмырзэ КъБАССР-м и Нагорнэ районым хыхьэу щыта Малкэ къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм щыщ унагъуэщIэхэр ЯтIэкъуэ ягъэIэпхъуауэ щытащ мэкъумэшыщIэхэр хозяйствэу щызэгухьэ лъэхъэнэ жыжьэм щыгъуэ. КъызэрагъэпэщагъащIэ колхозым щылажьэ Елмырзэ 1940 гъэм дзэм ираджащ, къулыкъу щищIэну. Абы щыIэу къэхъеящ Хэку зауэшхуэр.

Зауэм и япэ махуэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэ пщIондэ Къардэн Елмырзэ Финляндием биим щезэуащ, топгъауэ гупым хэту. Зэзауэ гуащIэхэм ящыщ зым совет зауэлIхэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаухъуреихьащ. Елмырзэрэ и ныбжьэгъу зауэлI гупымрэ къикIыфащ абы, къэнахэр гъэру ябыдащ е абдеж щыхэкIуэдащ. Мэзрэ губгъуэ защIэкIэ гупыр Ленинград нэсыфащ. Абы щыгъуэ а къалэшхуэр къэухъуреихьыныгъэ ткIийм иткIэт. Дадэшхуэ хэтащ Ленинград биим къыIэщIэзыхыжахэм. Абы иужькIэ Елмырзэ и зауэ гъуэгуанэм щыпищащ Прибалтикэм.

Сержант нэхъыжьу Хэку зауэшхуэм къикIыжащ Елмырзэ. Зауэм щызэрихьа лIыгъэхэмрэ къыкъуэкIа хахуагъэмрэ къапэкIуэу абы къратат дамыгъэ лъапIэ куэд. Апхуэдэт Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Хахуагъэм папщIэ», «Ленинград зэрахъумам папщIэ», «Таллин хуит къызэращIыжам папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс куэд дэкIащ. ИтIани дэ тщыгъупщэркъым ди нэхъыжьыфIхэр а зэман хьэлъэм зыхэта гугъуехьхэр, зауэм щызрихьэлIа бэлыхьхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ. ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ пщIэ хуэтщIмэ, я фэеплъхэр сакъыу тхъумэмэ, итIанэщ абыхэм яхуэфащэ щIэблэу дыкъыщалъытэнур. Зи блэкIар зымыщIэжым, ар зымылъытэм и щхьэми, и лъэпкъми, и Хэкуми пщIэ хуимыщIу аращи».

*Зыгъэхьэзырар*

**ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**




# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 6, *мэрем***

♦**Урысыбзэм и махуэщ**

♦**1939 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI **Апажэ Ахьмэд**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-матемитикэ щIэныгъэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м метеорологиемкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хьэжбарэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ и къудамэм и редактору щыта **КIэрэф Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 – 25-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 7, *щэбэт***

♦**Ерыскъыпхъэхэр шынагъуэншэу щытыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1946 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм къахэкIа, Тыркум щыщ тхакIуэ, Нобель и саугъэтым литературэмкIэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхьан**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 26-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 8, *тхьэмахуэ***

♦**Хыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Социальнэ лэжьакIуэм и махуэщ**

♦**1946 гъэм** Журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1966 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **МахуэлI Хъаджэт**.

♦**1982 гъэм** къалъхуащ Эверест къуршым тIэунейрэ дэкIа адыгэ бзылъхугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэз Каринэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 9, *блыщхьэ***

♦**Архивхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Промышленность псынщIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1935 гъэм** Iуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу гупышхуэ дэкIащ.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Чым Агнессэ**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Блахъуэ Хьэзрэт**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**СопIащIэ жыпIэу шы лъэхъа умышэс.**

# Куэдым щыпэрыт адыгэ бзылъхугъэ



**Пщlэ зыгъуэт лэжьыгъэм дамэ къыптрегъакlэ, лъэр щlегъэкl. Жылэм зиужьыныр, лъэпкъыр ефlэкlуэныр пщэрылъ зыщызыщlыж цlыхум, ар сыт хуэдэ lэнатlэ пэрытми, къилэжьым уасэ хуэщlыгъуейщ, пщlэи хуэгъэфэщапхъэщ. Апхуэдэхэм я гуащlэдэкlыр къэкlуэну лъэхъэнэхэм толажьэ, лъэпкъым и щхьэмрэ и пщlэмрэ ехъумэ. Щlыналъэм щыпсэухэм илъэс зыбжанэ хъуауэ фlы и лъэныкъуэкlэ зэхыдох Бэрбэч Хьэтlутlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щlэныгъэ-къэхутэныгъэ lуэхухэмкlэ и проректор, химие щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Хьэшыр Светланэ и цlэр. Абы и къэхутэныгъэхэр лъэхъэнэм декlуу, иджырей технологие lэмалхэм я къэгъэlурыщlакlуэу щытщ. Ди къэралым къыщымыувыlэу, ахэр щащlэ хамэ щlыпlэ куэдым. Иджыблагъэ къэlуа хъыбарри узыгъэгушхуэнщ – Урысейм Щlэныгъэхэмкlэ и академием член-корреспонденту хахащ Хьэшыр Светланэ. Къыхэгъэщын хуейщ: адыгэхэм я мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм и щlэныгъэрылажьэ бзылъхугъэхэм ящыщу Светланэщ япэ дыдэу «Химие» унэтlыныгъэмкlэ апхуэдэ цlэ лъапlэр зыхуагъэфэщар.**

ЩlЭНЫГЪЭ lуэхущlапlэ лъагэм щекlуэкlа зэlущlэм а унафэр къыщащтэм Хьэшыр Светланэ илъэс куэд лъандэрэ иригъэкlуэкl лэжьыгъэ купщlафlэхэр щlэныгъэм, егъэджэныгъэм, гъащlэм хэпща зэрыхъур къалъытащ. lэlэтым къигъэлъэгъуащ Хьэшырым дзыхьышхуэ зэрырагъэзыр, щlэныгъэ дунейм пщlэшхуэ зэрыщиlэр. Апхуэдэу адыгэ бзылъхугъэр академием хыхьэн папщlэ, цlыху 1296-м ящыщу 1254-м lэ яlэтащ. Къыхэгъэщыпхъэщ академием химиемкlэ и къудамэм хэт щlэныгъэ лэжьакlуэхэми Хьэшыр Светланэ и зэфlэкlхэр лъагэу зэраlэтар – цlыху 66-м ящыщу 56-м я lэр абы щхьэкlэ яlэтащ.

Урысейм Щlэныгъэхэмкlэ и академием и член-корреспондент цlэр къэплъэщын папщlэ, ебгъэкlуэкl къэхутэныгъэхэм я нэхъыбэр цlыхухэм къащтауэ, экономикэмрэ щlэныгъэмрэ лъабжьэ щагъуэтауэ щытын хуейщ. Хьэшырым и lуэху еплъыкlэхэр щlэныгъэ лэжьыгъэ 825-м къыщигъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщу тlур монографиещ, 164-р къэхутэныгъэхэмкlэ патентщ.

Хьэшыр Светланэ и нэlэ тету зыбжанэ хъуауэ КъБКъУ-м щолэжь пкъыгъуэ куэду зэхэт, пщтырым пэщlэт полимер зэмылlэужьыгъуэхэр пкъахуэ зэхэлъхэм къыхэхыным илъэс. Апхуэдэу Хьэшырым хузэфlэкlащ пкъахуэ зэхэлъхэр зэрагъэткlу lэмалхэр иубзыхун, фlэlупс зэщымыщхэм я зэхэлъыкlэмрэ гуащlагъымрэ къиихутэн, макропкъахуэхэр 3D-м и lэмалхэм зэрезэгъыр къипщытэн. Хьэшыр Светланэщ аэроуахэм пыщlа lэнатlэхэм къыщагъэсэбэпыну полимерхэмрэ полимерхэм я плъыфэгъу пкъыгъуэхэмрэ я нэщэнэхэр, медицинэм щызэрахьэн хуэдэу, полимерхэмрэ цlыху lэпкълъэпкъымрэ я зэхэлъыкlэм зэщхьу хэлъымрэ зэщхьэщыкlыныгъэу яlэмрэ къэзызыхутар.

Къищынэмыщlауэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм и къабзагъэм зэран хуэмыхъуу титан пкъахуэр зыхэлъ пкъыгъуэхэр зэрызэпкърагъэху lэмалхэр къэхута хъуащ Хьэшырым и фlыгъэкlэ.

Адыгэ цlыхубзым щlэныгъэм унэтlыныгъэ щхьэхуэ щыпхишащ – гуанид зыхэлъ мономерхэмрэ полимерхэмрэ я физикохимием и лъабжьэр игъэтlылъащ, полиэлектролитхэмрэ нанопкъыгъуэ зэхэлъхэмрэ къызыпхадз пкъахуэжьейхэр полимер зэращl lэмал гъуэзэджэхэр утыку кърилъхьащ. Светланэ и унафэм щlэту полиэфир зэмылlэужьыгъуэхэр ди щlыналъэм къыщыщlагъэкl хъуащ.

Хьэшыр Светланэ иригъэкlуэкl лэжьыгъэм щlалэгъуалэ хъарзынэ къришэлlащ. Абы зэригъэпэща гупым щlэныгъэлl ныбжьыщlэу 30-м щlигъу хэтщ. Езым пхиша гъуэгум къытехьа цlыху 15-м я кандидат лэжьыгъэхэм я щlэныгъэ унэтlакlуэ хъуащ. Апхуэдэу ар КъБКъУ-м диссертацэхэр пхыгъэкlынымкlэ и Щlэныгъэ хасэм и унафэщlщ, «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Щlэныгъэ хъыбархэр» журналым и редактор нэхъыщхьэщ.

Къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкlуэкlынымкlэ еш зымыщlэ адыгэ бзылъхугъэр Урысейм Щlэныгъэхэмкlэ и академием нанопкъыгъуэхэм, пкъахуэ лъагэхэр зыхэлъ пкъыгъуэхэм, полимер пкъыгъуэхэм ятеухуауэ къызэригъэпэщ щlэнlуатэхэм жыджэру хэтщ, илъэс къэсыху зэхашэ «Полимер пкъыгъуэ лlэужьыгъуэщlэхэр. Мэкlэтlейм и цlэр зезыхьэ еджэныгъэхэр» дунейпсо щlэнlуатэм и гупсысэщlэхэмрэ еплъыкlэщlэхэмрэ щlэныгъэ дунейм ядогуашэ. Светланэ Менделеев Дмитрий и цlэр зезыхьэ Урысей химие зэгухьэныгъэм щlыналъэхэм щиlэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуlу хасэм и унафэщlщ, Къэхутакlуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм, Щlэныгъэрылажьэ ныбжьыщlэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэхэм я унэтlакlуэщ.

Адыгэ бзылъхугъэм и зэфlэкlхэм иригушхуэр щlэныгъэрылажьэхэм я закъуэкъым, а гушхуэныгъэр щlыналъэми къыщыувыlэркъым, абы лъагэ щlохъукl адыгэ дунейри – уи лъэпкъыцlэр зезыхьэ зы цlыху утыкушхуэм щихьэм деж узэщlеlэтэ, а зэфlэкlыр пщэдейрей махуэхэр нэхъыфl зэрыхъуным хуэгъэпсамэ, лъагэу уеlэт. И lэщlагъэм хэхъуэ зэпыту, и щlэныгъэм зиужьу, зытет гъуэгум зиубгъурэ къэзылъытэм я бжыгъэм хэхъуэу лэжьэну Светланэ гурэ псэкlэ дохъуэхъу.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Напэр япэ ирегъэщ

***Шэджэм районым хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ Мэзыхьэ Рустам Заурбий и къуэр Украинэм щекlуэкl дзэ lуэху хэхам хэтащ. Щlалэщlэм зэрыцlыкlурэ армэм къулыкъу щищlэнир и гуращэт. Пасэу зи адэр зыlэщlэкlа ныбжьыщlэр анэм и жыlэм щlэту къэхъуащ. Школым щыщlэса лъэхъэнэм ар тхыдэм теухуа тхылъхэм дихьэхырт. Рустам и ныбжьыр илъэс 18 щыхъум дзэм ираджащ.***



МЭЗЫХЬЭР хагъэхьащ Хабаровск крайм хиубыдэ Сахалин хытlыгум щыlэ лъэсыдзэм къегъэщlылlа ракетэ частым, илъэситкlэ и къулыкъур абы щрихьэкlри, унэм къэкlуэжащ.

Мэзыхьэ Рустам и анэ Мэзыхьэ (Альборэ) Таисэ фызабэу къэнат, ауэ и къуэ закъуэр абы сыт и лъэныкъуэкlи дэlэпыкъуэгъу хуэхъуащ, и шыпхъуищыр къэlэтынымкlи унагъуэр зыхуей хуэгъэзэнымкlи.

Дзэ комиссариатым деж зыщригъэтхыжарэ запасми щыlэу, шэшэн зауэр къэхъеяти, Мэзыхьэр зэухылlэныгъэкlэ дзэм хыхьэжащ. Абы здыхэтым, Урысейм и дзэм щыщхэр Куржымрэ Осетиемрэ Ипщэ я зэхуаку къыдэхъуа зэпэщlэувэныгъэм зэрагъакlуэм теухуа унафэр къаlэрыхьащ. Мэзыхьэр зыхиубыда гупыр абы яшащ 2008 гъэм шыщхьэуlум и 8-нэ махуэм.

Адыгэ щlалэр зэрыхахуэр абдежми къыщигъэлъэгъуащ, зыбгъэдагъэува lэнатlэм къикlуэт жыхуаlэр имыщlэу пэрытащ, сыт хуэдэ lуэху и пщэ къыдалъхьэми ар зэригъэзэщlэным, и гъусэхэр губгъуэм къызэрыримынэным ерыщу яужь итащ.

- Зэуапlэм lут щlалэхэр дызэдэlэпыкъурт, зыр адрейм дыхуасакъырт. Уlэгъэ хъуахэри яукlахэри губгъуэм къитхырти, зыхуей хуэдгъазэрт. Хэт сыт къытщыщlми дызэдэlэпыкъурт. Апхуэдэу узэкъуэмытмэ, ем утекlуэнукъым. Сызыхэтахэм ящыщ зэуапlэ губгъуэм зэи зыри къиднакъым. Сэри, зэуапlэм уlэгъэ хьэлъэ сыщыхъури, си жьэпкъыр lыхьищу къутауэ щытащ, операцэ сащlри гъущl халъхьащ. Дзэм сыхэтыну есщlылlа зэгурыlуэныгъэр щызухым, си лъахэм къэзгъэзэжащ, - игу къегъэкlыж Мэзыхьэ Рустам.

2012 гъэм Мэзыхьэр заочнэу щlотlысхьэ Налшык дэт «Строитель» колледжым. Икlи ар 2016 гъэм къеух, ухуэныгъэм пыщlа lэнатlэхэм къыщагъэсэбэп машинэхэр зэгъэпэщыжынымкlэ lэщlагъэ зригъэгъуэтауэ.

2010 гъэм къыщыщlэдзауэ 2016 гъэ пщlондэ Мэзыхьэр щылэжьащ «Страж» ООО хъумакlуэ lуэхущlапlэм. 2018 гъэм ар хэтащ дзэм дежкlэ стратегие мыхьэнэ зиlэ, «Восток - 2018» зыфlаща командно-штабной гъэсэныгъэхэм, жыджэру зэрыхэтам папщlи щlыхь тхылъ къыщрататщ. Къигъэзэжа иужькlи, республикэм и Шэджэм район дзэ комиссариатым къыбгъэдэкlыу. щlыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ.

- Украинэм щекlуэкl дзэ lуэху хэхами илъэсым нэблагъэкlэ сыхэтащ, - и псалъэм къыпещэ Мэзыхьэ Рустам. - Си анэм дэlэпыкъуэгъу зэримыlэм къыхэкlкlэ, дзэм кlыхьу сыхэт хъуакъым. Сызыхэхуа частым лъэпкъ зэмылlэужьыгъуэхэм къыхэкlауэ хэт щlалэгъуалэр дгъэсэну ди пщэ кърала̄хьэрт. Абыхэм едгъащlэрт топ гъэуэкlэ, фоч lыгъыкlэ. lуэхум хэзыщlыкl нэхъыжьхэр частым къраша lэхэм сыт ищlыскlи дадэlэпыкъурт, ямыщlэр едгъащlэрт, щапхъэ дахуэхъурт. Дэнэ сыщыlами, адыгэ гуп дызэрыгъэхъурти, ди лъэпкъым и напэ зэрытедмыхыным дыхущlэкъурт, нэгъуэщlхэри ди зэхэтыкlэфlым, ди хабзэм щыдгъэгъуазэрт, губгъэн къызэрыдмыхьыным яужь дитт, ди гъусэхэм зэрытхузэфlэкlкlэ дадэlэпыкъурт. Сызыхэта гупым зауэ губгъуэм зэи зыри къиднакъым.

Мэзыхьэр шэшэн зауэм щыщыlам уlэгъэ щыхъуати, абы щигъуэта фэбжьыр къыщыхъеижат Украинэм щекlуэкl дзэ lуэху хэхам илъэс хэта иужь. Икlи и узыншагъэр зэрыхуэмыкlуэм къыхэкlыу, дзэм къыхагъэкlыжащ.

- Щlалэ хахуэ куэд си гъусэт, къикlуэт жыхуаlэр ямыщlэу, къалэн къытщащlым я нэхъ гугъу дыдэм дыпэщlэувэрт. Украинэм сыщыщыlа илъэсым нэхъ гукъутэу сигу къинэжахэм ящыщщ зауэ губгъуэм къитхыжа щlалэщlэхэр. Апхуэдэщ и ныбжьыр илъэс 21-рэ фlэкlа мыхъуу хэкlуэда лейтенант нэхъыщlэ Кудрявцов Иван урыс щlалэмрэ адыгэ щlалэ ахъырзэман, Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуа Хъущт Ахьмэдрэ. Ахэр ящыщщ зэуапlэ губгъуэм лlыгъэ щызэрахьэу, Хэкум папщlэ зи псэр зытахэм. Шэр къызэрыттелъалъэу, зауэ щlыпlэм зыри къиднэртэкъым. Гум тегъэхуэгъуейт, нобэ уи гъуса щlалэр хьэlуцыдзхэм я шхыныгъуэу губгъуэм къибнэн жыхуэпlэр. «Псэм и пэ напэ» жыхуиlэ псалъэжьыр ди гъуазэт. Дзэм, зэрытлъэкlкlэ, щапхъэгъэлъагъуэу дахэтащ гъусэ схуэхъуа адыгэ щlалэхэмрэ сэрэ. Адэкlэ я цlэр къыхэзгъэщыну сыхуейт зауэ губгъуэм си гъусэу ита ди лъэпкъуэгъу щlалэхэу Бэбыгуей Резуан, Мэчрэlил и къуэр, Къетыкъуэ Алим, Хьэмид и къуэр, Пекъу Мурат, Юрэ и къуэр. Дэ гупыр, иджыри урыс щlалитl ди гъусэу, зауэ губгъуэм куэдрэ дитащ, сыт ищlыскlи щапхъэ къэдгъэлъагъуэу, къикlуэт димыlэу, бийм дыпэщlэтащ, - игу къегъэкlыж ныбжьышхуэ имыlэми, куэд зи нэгу щlэкlа Рустам.

Тхужыlэнущ Мэзыхьэр, дэнэ къыщыщlидзами, къызыхэкlа лъэпкъым хуэфащэу, и Хэкум пщlэ дзэм зэрыхуищlыр къыщигъэлъагъуэу зэрыщыlар. Абы медаль зыбжанэрэ щытхъу тхылъхэмрэ къыхуагъэфэщащ, дзэм щыхэтам зэрихьа лlыгъэм папщlэ. Иджыблагъэ абы къратащ «Текlуэныгъэ - 80», «Донбасс - 80» зытет медалхэри.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

# Адэкlи апхуэдэурэ екlуэкlмэ

**УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм нэгъабэ иригъэкlуэкlа лэжьыгъэхэм къарикlуахэм щытепсэлъыхьым а lэнатlэм и унафэщl Лут Оксанэ жиlащ lэщымкlэ, джэдкъазымкlэ, гъэшымкlэ хэхъуэ зэраlар. Псалъэм папщlэ, зы илъэсым къриубыдэу зы жэмым ику иту къыщlаш шэм и куэдагъыр проценти 6-кlэ нэхъыбэ хъуащ е тонни 8,5-м нэсащ.**

lУЭХУР апхуэдэу екlуэкlмэ, гъэшым и куэдагъымрэ lэщ щхьэ бжыгъэмрэ адэкlи хагъахъуэу щытмэ, 2030 гъэм ирихьэлlэу шэуэ къашым и куэдагъыр тонн мелуан 38,5-м щынагъэсынущ Урысей Федерацэм икlи а ерыскъыгъуэмкlэ къэралым и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлlауэ зэхуагъэувыжа къалэнхэр гъэзэщlа хъунущ.

Бдзэжьейм пыщlа lуэхущlапlэхэми хэхъуэ яlэу илъэсыр ирагъэкlащ икlи ди цlыхухэр зрикъуным щlигъу продукцэ къыщlагъэкlащ. Жыпlэнурамэ, сардинэ, иваси бдзэжьей лlэужьыгъуэу къаубыдам и куэдагъымкlэ СССР-м и зэманым щыгъуэ щыlа планхэм щхьэщыкlащ.

Къапщытэж пlалъэм кърихубыдэу ерыскъымрэ ерыскъыхэкlымрэ елэжь lуэхущlапlэхэм къыщlагъэкlа продукцэхэм я куэдагъым процентти 3,5-кlэ хэгъэхъуащ. Псом хуэмыдэу лым, гъэшхэкlым, крупам, дагъэ щlахуам, lэфlыкlэм, нэгъуэщl куэдкlи.

Шагъыр лlэужьыгъуэхэр къыщlэзыгъэкl lуэхущlапlэхэми я lуэхухэр lеякъым илъэс блэкlам: процент 16-кlэ хагъэхъуащ. Ауэ ар къызыхэкlар апхуэдэ продукцэхэр хамэ къэралхэм кърашын зэрыщагъэтарщ.

Къэралым псори зэхэту мэкъумэш продукцэу къыщыщlагъэкlам и процент 14-р къалъос хьэрычэт lэнатlэ мащlэмрэ курытымрэ пэрытхэм. Ахэр нэхъыбэу зыхэлlыфlыхьыр лымкlэ, гъэшымкlэ, хадэхэкlхэмкlэ, кlартlофымкlэ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракlуэ лlэужьыгъуэхэмкlэ унэтlыныгъэхэрщ.

Министр Лут Оксанэ апхуэдэуи къыхигъэщащ къэралым и цlыхухэр зрикъун ерыскъы къыщlэгъэкlыныр я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, а лэжьыгъэр зы дакъикъи къызэрамыгъэланджэр, 2030 гъэм ирихьэлlэу зэхуагъэувыжа планхэм нэсын мурадхэр зраlэр.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



● Iуэху зехьэкIэ пэрыт

# КъэкIуэнум хуолажьэ

**Курыт еджапIэр къытщIэхъуэ щIэблэм я гупсысэм зыщиужь, ар гъащIэм хуэзыгъэхьэзыр, щIэныгъэрэ гъэсэныгъэ щызригъэгъуэт IуэхущIапIэщ. Сабийм а псори зригъэхъулIэфынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ар щIэныгъэм и гъуэгум тезышэм. ЩIэблэр зыузэщI, псэкупсэ къулей зыбгъэдэлъ егъэджакIуэ нэсыр къэралым и къару нэхъ лъэщ дыдэхэм щIыхалъытэри аращ. Апхуэдэу псэ хьэлэлу ди къэкIуэнум хуэлажьэхэм ящыщщ Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-м (унафэщIыр Понэж ФатIимэщ) биологиер щезыгъэдж, зи IэщIагъэмкIэ квалификацэ лъагэ зиIэ, унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Мокъуэ Залинэ Iэулэдин и пхъур. Зи къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIэзых, иджырей дунейпсо мардэхэм хуэкIуэ Iуэху зехьэкIэхэр лэжьыгъэм хэзылъхьэ бзылъхугъэ щыпкъэр куэдым хунос, еджапIэми и щхьэми яхуэщхьэпэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрегъэхьэ.**

МОКЪУЭР егъэджэныгъэ IэнатIэм зэрыпэрытрэ мы гъэм илъэс 20 ирокъу. Дунейм и зэхэлъыкIэр, щIыуэпсыр зыфIэхьэлэмэту къэхъуа хъыджэбз цIыкIум пасэу къыхихат зыхуеджэну IэщIагъэр. Шэджэм щIыналъэм хиубыдэ Нартан къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, пщащэ акъылыфIэр лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м и биологие къудамэм. Зэрихабзэу, студент илъэсхэр купщIафIэу, IуэхугъуэфI куэдкIэ гъэнщIауэирихьэкIащ. Еджэным хъарзынэу зэрыпэлъэщым къыдэкIуэу, Залинэ дапщэщи жыджэру хэтащ еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм. Университетыр къиухри, Мокъуэм лэжьэн щыщIидзащ я жылэм дэт курыт школ №1-м.

Ар щIэхыу Iэижь хуэхъуащ зыпэрыува IэнатIэм. Абы и дерсхэр гъэщIэгъуэну, сабийхэм гукъинэ яхуэхъун хуэдэу зэхигъэувэрт. Езым фIыуэ илъагъу предметым и нэIэм щIэтхэри дригъэхын мурадкIэ, дерсхэм щызэфIих лэжьыгъэ купщIафIэм щIыгъуу, гупжьейхэр къызэригъэпэщырт, еджакIуэ зэчиифIэхэми щхьэхуэу ядэлажьэрт. ЕгъэджакIуэри и гъэсэнхэри щIэх-щIэхыурэ хэтт школым, Шэджэм щIыналъэм, республикэм биологиемкIэ къыщызэрагъэпэщ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Хэтым и мызакъуэу, текIуэныгъэхэр къыщахьырт. А псоми Залинэ и лъэр нэхъри хущIигъэкIырт лэжьыгъэм IэмалыщIэхэр хилъхьэным, школакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэм апхуэдэ щIыкIэкIэ нэхъри хэгъэхъуэныр, нэхъ куу щIыныр и плъапIэу. Щылажьэ еджапIэм и унафэщIхэм я чэнджэщкIэ Залинэ 2014 гъэм хэтащ «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэм. Абы и утыкум лэжьыгъэфIрэ зэфIэкI лъагэрэ къыщызыгъэлъэгъуа Мокъуэр хъуащ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм и лауреат.

Нартан дэт еджапIэм илъэс 12-кIэ щыIауэ, 2017 гъэм Мокъуэм лэжьыгъэм щыпищащ Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-м. Биологие щIэныгъэм, дунейм, щIыуэпсым я зэхэлъыкIэм хуабжьу дихьэх егъэджакIуэ Iэзэм абы ирихьэлIэу зригъэгъуэтат географиемкIэ икIи къэхъундэс ныбжьыщIэхэр илъэс зыбжанэкIэ хуригъэджащ а предметми.

Зи лэжьыгъэм хуэIэзэ, зи къалэнхэр, пщэрылъ къыщащI нэлэн нэхъыщхьэм, мурадым зэуIуу, зэгурыIуэу хуэгъэлэжьэныр. IэнатIэм махуэ къэс зэрызиужьымрэ абы щIэ куэд къызэрыхыхьэмрэ къэплъытэжмэ, а псоми нобэ гъусэ яхуохъу бжыгъэр зи лъабжьэ техникэмрэ технологиемрэ шэщIауэ дерсхэм къызэрыщыгъэсэбэпыпхъэм, проект лэжьыгъэмрэ къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ унэтIакIуэхэри абыхэм я нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэри зэрыдегъэхьэхыпхъэм епха Iуэхугъуэ куэди. А псоми хъарзынэу полъэщ Мокъуэ Залинэ.

- «Егъэджэныгъэм и хабзэхэр» къэрал дэфтэрым ипкъ иткIэ, иджырей егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм щызэфIах егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ, финанс, экономикэ Iуэхугъуэхэр, абыхэм епха мардэхэм, методикэ Iэмалхэм, технологиехэм ятеухуа хуитыныгъэхэр зэраIэм и щыхьэту. Ар и лъабжьэу егъэджэныгъэм къыхыхьащ тхылъыщIэхэр, пособиещIэхэр, технологие пэрытхэр. Иджырей школакIуэри куэдкIэ къыщхьэщокI блэкIа лъэхъэнэм щыIам. ЕджапIэм зиужьынымкIэ, абы щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и фIагъыр нэхъри къэIэтынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а псори зэпыдолъыт, лэжьыгъэр щыдухуэкIэ. Мыбдежым, дауи, гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ къызэдэпщта унафэр зыгъэзэщIэну зи къалэн IэщIагъэлIым Iуэхум хуиIэ гудзакъэм. Абы и лъэныкъуэкIэ арэзы дызытехъуэ лэжьыгъэшхуэ зэфIех си къуэдзэу илъэс зыбжанэ лъандэрэ лажьэ Мокъуэ Залинэ Iэулэдин и пхъум, - жеIэ еджапIэм и унафэщI Понэж ФатIимэ. - IуэхущIапIэм щегъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм я зэхэублакIуэу, жэрдэмщIакIуэу, ехъулIэныгъэ къызыдэкIуэну къэтлъытэу егъэджэныгъэм къыхэдгъэхьэ IэмалыщIэхэмрэ Iуэху зехьэкIэ мардэщIэхэмрэ я телъхьэу дапщэщи щытщ ар. Хэлъ жыджэрагъымрэ зыхищIэ жэуаплыныгъэмкIэ Залинэ езыр щапхъэ яхуохъу ди егъэджакIуэхэм. Зыпэрыт Iуэхум зэрыхищIыкIымрэ бгъэдэлъ щIэныгъэфIымрэ къадэкIуэу, Залинэ лэжьыгъэм творческэу бгъэдохьэ. Мокъуэм и фIыгъэ куэд хэлъщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэфI къегъуэщI Iуэхугъуэ псори къызыхуэтыншэу, и чэзум икIи фIагъ хэлъу зэфIэзыхыу еса лэжьакIуэ гумызагъэм мыбдежми апхуэдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Куэд дэмыкIыу Залинэ ягъэуващ школ унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу. Илъэс еханэ хъуауэ а IэнатIэр ирехьэкI Мокъуэм.

А къалэным илъэс зыбжанэкIэ пэрыта сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ завучым и пщэрылъ псоми. Абы хохьэ, школым и пашэм ищIа унафэм утету, абы щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныр, еджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ хьэл-щэнымрэ дапщэщи уи нэIэм щIэгъэтыныр, егъэджакIуэхэм методикэ и лъэныкъуэкIэ чэнджэщхэр етыныр, ябгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зэпыу имыIэу хэгъэгъэхъуэныр, дерсхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыныр, Iуэхум зэран къыхуэхъу лъэпощхьэпохэр гъэзэкIуэжыныр, зэреджэ программэм къигъэув псори гъэзэщIэныр, къызэрапщытэ лэжьыгъэхэр и чэзум икIи къызыхуэтыншэрэ хабзэм тету егъэкIуэкIыныр, махуэгъэпсым, егъэджэныгъэ планым къыщыхэбелджылыкIа дэтхэнэ Iуэхугъуэри гулъытэншэу къэмыгъэнэныр, адэанэхэм ядэлэжьэныр, егъэджэныгъэм хэт лъэныкъуэ псори: егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри школым зыхуигъэувыжа къэзыхьэлIэф гуп узыншэ зэщIэгъэуIуауэ мы зэманым ди школым зэрыщылажьэми.

ЩIэныгъэ куумрэ цIыху зэчиймрэ дэтхэнэ къэралри къарууфIэ зыщI, IэнатIэм ехъулIэныгъэ къыхуэзыхь хэкIыпIэу зэрыщытыр фIыуэ къызыгурыIуэ Понэжым нэхъри трегъэгушхуэ и нэIэм щIэт лэжьакIуэхэр, къапэщылъ къалэнхэм тэрэзу зэрехъулIэфынумкIэ фIэщхъуныгъэ яхилъхьэу. Абы зэрыжиIэмкIэ, еджапIэм щызэфIих лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, Залинэ зэман къегъуэтыф жылагъуэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэми хэтыну. Мокъуэр и унафэщIщ ди республикэм щыяпэу Къэхъун дэт курыт школ №1-м Урысей географие зэгухьэныгъэм (РГО) къыщызэрагъэпэща ЩIалэгъуалэ клубым. Ар а еджапIэм щолажьэ 2019 гъэ лъандэрэ. Залинэ школым къыщызэрегъэпэщ икIи щрегъэкIуэкI РГО-м и жэрдэмкIэ илъэс къэс къыхалъхьэ «Географие диктантыр». Республикэ экологобиологие центрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал бгы лъагэ заповедникымрэ я IэщIагъэлIхэм я гъусэу Мокъуэри абы и еджакIуэхэри жыджэру хэтщ дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр хъумэным хуэгъэза волонтёр, псапащIэ Iуэхухэм.

- ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр хьэлэмэтщ, гъунапкъэ куэди къызэщIэзыубыдэщ. Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ а IэнатIэм нобэ пэрытхэм ди къалэнщ япэ итахэм зэтрагъэувa лэжьыгъэр адэкIэ дгъэкIуэтэну, едгъэфIэкIуэну, - жеIэ Мокъуэм, и лэжьыгъэм тепсэлъыхьу. - Сэри сыхущIокъу си IэнатIэм жэуаплыныгъэ зыхэсщIэу сызэрыпэрытыным. Лъэхъэнэщ Iэм къалэнышIэхэр къытхуегъэуври, ди школым и лэжьакIуэхэр дапщэщи хущIокъу егъэджэныгъэм къыхыхьэ мардэщIэхэр къагъэсэбэпурэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэ щIэблэфI зэрагъэсэным. ЕгъэджакIуэхэм тлъэкI къэдгъанэ хъунукъым щIэныгъэ зэзыгъуэт ныбжьыщIэм ар къехъулIэн папщIэ Iэмалхэр къахузэгъэпэщынымкIэ.

Залинэ къызэрилъытэмкIэ, щIэблэр къэгъэтэджын хуейщ зэхъуэкIыныгъэр зыбэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и зэхэлъыкIэр къыгурыIуэу, и акъылри гупсысэри абы лъэщIыхьэу псэуфын хуэдэу. Апхуэдэу хъумэ, дауи, узэлIалIэу зылъагъу сабийм гукIи псэкIи зыкъызэIуихынущ, зиужьынущ, езыр щIэныгъэлъыхъуэ ежьэнущ.

ЕгъэджакIуэ нэсыр щIэныгъэм и мызакъуэу, гуапагъэм, зэхэщIыкIым, цIыхугъэ лъагэм я къигъэхъуапIэу, и нэIэм щIэтхэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ езытрэ абыхэм я зэхэщIыкIым зезыгъэужьыфу къалъытэ дапщэщи. Апхуэдэщ сабиипсэр нэсу къызэIузыхыф, абы и гум щIэныгъэм и хъуаскIэр щыщIэзыгъэнэф Мокъуэ Залинэ. Абы и гъэсэнхэм къахэкIащ щIыналъэпсо, республикэпсо, къэралпсо олимпиадэхэм пашэ щыхъуахэри. УнэтIакIуэм и нэIэм щIэту школакIуэхэм ягъэзэщIа къэхутэныгъэ, щIэныгъэ, зыузэщIыныгъэ проект лэжьыгъэхэм ящыщщ «Си Хэку - си Урысей», «Псэущхьэхэм яхуэгъэза письмо», «Дызэмыщхьми, дызэгъусэщ», «ЩIымахуэр ди щIыпIэм щизых къуалэбзухэм дадоIэпыкъу», «ЩIыуэпсыр зыхъумэм гъащIэр ехъумэ», нэгъуэщIхэри.

2024 гъэм екIуэкIа «Илъэсым и унэтIакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм жыджэру хэтащ Залинэ. Абы и район Iыхьэм щытекIуащ, республикэпсо Iыхьэми лауреат щыхъуащ. Iуэху зехьэкIэ пэрыту бгъэдэлъымрэ жыджэру зыхэт жылагъуэ Iуэхухэмрэ ятеухуа псомкIи Мокъуэр и лэжьэгъухэми, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэми щадогуашэ Интернетым педагогикэмкIэ щиIэ сайт щхьэхуэм и напэкIуэцIхэм. Апхуэдэу Залинэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щIэхщIэхыурэ къытохуэ Аруан щIыналъэм къыщыдэкI «Маяк» газетым. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр, дерс зэIухахэм, классщIыб лэжьыгъэхэм, викторинэхэм, зэпеуэхэм, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм я план шэщIахэр, биологиемкIэ ЕГЭ-м зэрызыхуэбгъэхьэзыр хъуну, географиер курыт школым зэрыщегъэджыпхъэм я программэхэр, класскIэ зэщхьэщыхауэ, «БиологиемкIэ элективнэ курс. 11-нэ класс» егъэджакIуэхэм папщIэ пособиер, сабий зэчиифIэхэм, еджакIуэ «гугъухэм», адэ-анэхэм зэрадэлэжьапхъэ мардэхэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэ лэжьыгъэфI зи щIыбагъ къыдэлъ Мокъуэ Залинэ мызэ-мытIэу и цIэр фIыкIэ къраIуащ, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр хуагъэфэщащ. Абы къратащ КъБР-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, Аруан щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм, егъэджэныгъэмкIэ IэнатIэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр. 2024 гъэм Мокъуэм къыхуагъэфэщащ РГО-м и ЩIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI дамыгъэ лъапIэр. Бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ пщIэ хуащIу, Мокъуэ Залинэ ягъэуващ Аруан щIыналъэм хиубыдэ жылэхэм дэт курыт школхэм географиер щезыгъэдж хэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу. Ар хэтщ географиемкIэ ЕГЭ зыт ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр къэзыпщытэ республикэпсо методикэ зэгухьэныгъэм и комиссэм.

Ди лъахэм къитаджэ щIэблэм я къэкIуэнум хьэлэлу хуэлажьэ, сабийхэм щIэныгъэфI егъэгъуэтыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр нэсу зыхэзыщIэ, зи IэщIагъэм, къалэным яхуэпэж Мокъуэ Залинэ дохъуэхъу и мурадхэр къехъулIэу, лъагапIэщIэхэм нэсу иджыри куэдрэ узыншэу лэжьэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.





## Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 13

### 1

**05.15** Х/ф «ЕСЛИ МОЖЕШЬ, ПРОСТИ...» (16+)
**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «ЕСЛИ МОЖЕШЬ, ПРОСТИ...» (16+)
**06.55** Х/ф «ДОРОГОЙ МОЙ ЧЕЛОВЕК» (16+)
**09.00** Д/ф «Символы России» (12+)
**10.15** Д/с «1812 - 1815. Заграничный поход» (12+)
**12.15** Д/с «1812 - 1815. Заграничный поход» (12+)
**14.40** «30 лет вместе». «История специальных проектов» (12+)
**16.25** «30 лет вместе». «Песни о главном» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.15** Х/ф «ИВАН ВАСИЛЬЕВИЧ МЕНЯЕТ ПРОФЕССИЮ» (16+)
**20.00** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Что? Где? Когда? (16+)
**23.10** «Наша новая музыка» (12+)
**00.30** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**04.20** Х/ф «ОТ ПЕЧАЛИ ДО РАДОСТИ» (16+)
**06.00** Х/ф «ПОДРУГИ» (16+)
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** Вести. Местное время
**11.50** Х/ф «ОПЕРАЦИЯ «Ы» И ДРУГИЕ ПРИКЛЮЧЕНИЯ ШУРИКА» (16+)
**13.40** Х/ф «30 СЕКУНД» (16+)
**14.30** Х/ф «ДВИЖЕНИЕ ВВЕРХ» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «РОДНИНА» (16+)
**00.10** Х/ф «ДВИЖЕНИЕ ВВЕРХ»
**02.40** Х/ф «МИСТЕР НОКАУТ» (16+)

### НТВ

**05.00** Х/ф «ИМПЕРАТРИЦЫ» (16+)
**07.00** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**08.20** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**10.20** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**16.20** Т/с «ДЕЛЬФИН» (16+)
**20.00** Х/ф «ВОРОВКА» (16+)
**21.50** Х/ф «ЕКАТЕРИНА ВЕЛИКАЯ» (16+)
**23.45** «VII Церемония награждения лауреатов Международной профессиональной музыкальной премии Bravo в сфере классического искусства» (12+)
**02.20** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.15** Х/ф «ЧЕСТЬ САМУРАЯ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.40** Х/ф «ДЕМИДОВЫ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** Гала-концерт «Родники. Дети». Финал. Казань-2025 (6+)
**11.35, 13.20, 19.20** Т/с «ДРУЖИНА» (16+)
**20.05** Х/ф «В ДВУХ ШАГАХ ОТ «РАЯ» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+» (12+)
**00.55** Х/ф «РОЗЫГРЫШ» (16+)
**02.25** Х/ф «ИЛЬЯ МУРОМЕЦ» (16+)
**03.55** Х/ф «ЗАПАСНОЙ ИГРОК» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.00** М/ф «Сказка о мертвой царевне и о семи богатырях». «Сказка о попе и о работнике его Балде». «Сказка о рыбаке и рыбке»
**08.20** Д/с «Земля людей»
**08.50** Х/ф «СЕМЕН ДЕЖНЕВ» (16+)
**10.10** Д/с «Страна птиц»
**10.50** Х/ф «СВАДЬБА С ПРИДАНЫМ» (16+)
**12.50** «Рассказы из русской истории»
**13.50** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп»
**16.20** Х/ф «ИСТОРИЯ ОДНОГО ПОДЗАТЫЛЬНИКА» (16+)
**17.00** Линия жизни
**17.55** Х/ф «СКАЗАНИЕ О ЗЕМЛЕ СИБИРСКОЙ» (16+)
**19.35** «Романтика романса - 25!»
**20.40** Х/ф «ДЕМИДОВЫ» (16+)
**23.10** Даниил Крамер. «Неюбилейный юбилей». Концерт в Московском международном Доме музыки
**00.15** Д/с «Страна птиц»
**00.55** Х/ф «ИЛЬЯ МУРОМЕЦ» (16+)
**02.25** Д/с «Первые в мире»
**02.40** М/ф «Королевская игра»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. А. Емельяненко - М. Исмаилов. АСА. Grand Power. Трансляция из Сочи (16+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 13.00, 20.30, 23.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Небесная грация» (6+)
**09.25** Д/ф «Олег Григорьев. Народный чемпион» (12+)
**10.40** Х/ф «КОМАНДА МЕЧТЫ» (6+)
**12.20** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**13.55** Д/ф «Век нашего спорта» (12+)
**15.30** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.30** Дзюдо. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Венгрии
**21.15** «Наши в UFC» (16+)
**23.55** Гольф. Кубок Лиги Ставок. Трансляция из Завидово (6+)
**01.55** Баскетбол. Заполярный матч звезд. Трансляция из Норильска (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Классический лук. Личное первенство. Трансляция из Турции (6+)

## Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 14

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Х/ф «ЖЕНИТЬБА» (16+)
**08.00** Х/ф «ВАМ И НЕ СНИЛОСЬ...»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.15** «Вспомнить все» (12+)
**11.05** Поехали! (12+)
**12.15** Т/с «УБОЙНАЯ СИЛА» (16+)
**15.20** «30 лет вместе». «Время, вперед!» (12+)
**16.30** «30 лет вместе». «Магия кино»
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Т/с «ФОРМУЛА ПРЕСТУПЛЕНИЯ» (16+)
**20.25** «Михаил Задорнов. Вся жизнь» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** КВН. Высшая лига (16+)
**23.50** Х/ф «ДАЛЕКИЕ БЛИЗКИЕ»
**01.25** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**04.35** Х/ф «НЕ ГОВОРИТЕ МНЕ О НЕМ» (16+)
**06.10** Х/ф «ОПЕРАЦИЯ «Ы» И ДРУГИЕ ПРИКЛЮЧЕНИЯ ШУРИКА» (16+)
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Аншлаг и Компания» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Х/ф «ВСЕ КАК У ЛЮДЕЙ»
**01.10** Х/ф «ПАРОМ ДЛЯ ДВОИХ»

### НТВ

**04.45** Х/ф «ХОЛОДНОЕ БЛЮДО»
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Гладиаторы» (12+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.25** «Секрет на миллион» (16+)
**23.30** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**00.05** Квартирник НТВ у Маргулиса
**01.45** ЧП. Расследование (16+)
**02.20** «Дачный ответ» (0+)
**03.10** Х/ф «ДЕЛО ЧЕСТИ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Х/ф «КОГДА Я СТАНУ ВЕЛИКАНОМ» (16+)
**07.05** Х/ф «В ДВУХ ШАГАХ ОТ «РАЯ» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Мужики». «Москва», командир отделения ударных БПЛА 42 гвардейской дивизии»
**11.35** «Легенды кино». Марина Неелова (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Я люблю - и, значит, я живу!»
**13.20** Х/ф «ЛЮБИТЬ ПО-РУССКИ»
**15.05** Х/ф «ЛЮБИТЬ ПО-РУССКИ-2» (16+)
**17.00** Х/ф «ЛЮБИТЬ ПО-РУССКИ-3» (16+)
**19.25** Х/ф «ЯРОСЛАВ» (16+)
**21.40** Х/ф «АДМИРАЛ УШАКОВ»
**00.00** Х/ф «КОРАБЛИ ШТУРМУЮТ БАСТИОНЫ» (16+)
**01.45** Х/ф «ССОРА В ЛУКАШАХ»
**03.10** Х/ф «ПОДВИГ РАЗВЕДЧИКА» (16+)
**04.40** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.00** М/ф «Доктор Айболит»
**08.15** Д/с «Земля людей»
**08.45** Х/ф «СЧАСТЛИВЫЙ РЕЙС»
**10.00** Д/ф «Исторические курорты России»
**10.30** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**11.00** Д/с «Страна птиц»
**11.45** Д/ф «Простая история» Нонны Мордюковой»
**12.25** Х/ф «ПРОСТАЯ ИСТОРИЯ»
**13.50** Международный юношеский телевизионный конкурс музыкантов «Санкт-Петербургский Олимп»
**16.25** Х/ф «СУББОТА И ВОСКРЕСЕНЬЕ» (16+)
**16.45** «Пешком...»
**17.20** Д/ф «Дело № 306. Рождение детектива»
**18.00** Х/ф «ДЕЛО № 306» (16+)
**19.20** Концерт к 100-летию Детского хора Большого театра России
**21.55** Х/ф «ИЮЛЬСКИЙ ДОЖДЬ»
**23.40** Ансамбль «Аллегро» под управлением Николая Левиновского в Концертной студии «Останкино». 1986 год
**00.40** Х/ф «СВАДЬБА С ПРИДАНЫМ» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** Профессиональный бокс. Н. Цзю - К. Мазудье. Бой за межконтинентальный титул чемпиона по версии WBO. Трансляция из Австралии
**07.00, 09.00, 12.55** Новости
**07.05, 13.55, 20.30, 23.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**09.25** Д/ф «Владимир Петров. Центр нападения» (12+)
**10.40** Х/ф «Я - ЗЛАТАН» (16+)
**13.00** Автоспорт. Чемпионат России. SMP Formula-4. Игора Драйв. Прямая трансляция
**14.55** Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Динамо» (Москва). Winline. Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
**16.55** Баскетбол 3х3. Международный турнир. Sirius Cup. Прямая трансляция из Сириуса
**18.55** Дзюдо. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Венгрии
**21.15** «Наши в UFC» (16+)
**23.55** Автоспорт. G-Energy СМП РСКГ Эндуранс. Кубок России. Игора Драйв (6+)
**00.55** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Московской области (6+)
**01.55** Легкая атлетика. Бриллиантовая лига. Трансляция из Норвегии (6+)

## Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 15

### 1

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая!
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь своих» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** «Будем жить!» (16+)
**13.15** «Видели видео?» (0+)
**ЩыIэщ цIыху, къигъэщI дахагъэм зыщумыгъэнщIу, ар гурэ псэкIэ къэплъыхъуэу. Абы и дахэщысэхэр сытым теухуами, цIыхухэм фIэщхъуныгъэ къахелъхьэ, гукъыдэж къарет, щыIэныгъэмкIэ къагъаплъэ. Сурэтыщым и IэдакъэщIэкI теплъэгъуэм гур етхьэкъу, абы хилъхьэ гур ушэмэ, щIэлъ щIагъыбзэр псэм зэрылъэIэсын гурыщIэкIэ псыхьамэ. ЩIэныгъэм хэтми и зэфIэкIыр ин дыдэщ: абы къихутэж Iуэхугъуэхэм лъэпкъ гупсысэм фIэкIуэда зы Iыхьэ щIагъуэ къагъэщIыжыфынущ, блэкIам щыщу дызыщымыгъуазэ гуэр къагъэплъэжыфынущ. Апхуэдэ дыдэщ уэрэджыIакIуэм и гуащIэри - макъамэм и закъуэкъым гуэкIуэн хуейр, атIэ абы къыщIэувэ макъми лъагэу зиIэтын хуейщ, уафэбгыкъур къыдэджэу, хьэуам хэт толъкъунхэм задзрэ щIэплъыпIэм еуалIэу, зыкъадзыжмэ, гущIэр зыгъэудж гухэлъхэм зыкърадзу. Тхьэм адыгэр къиужэгъужатэкъыми, апхуэдэ лъэкIыныгъэ зиIэхэр ди мащIэкъым, абыхэм лъэпкъ дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр къызэщIаIэтэ, ди пщэдейрей махуэхэм къыхагъахъуэ. Апхуэдэу щыт пэтми, зи гугъу пщIым елъытауэ зэрыадыгэ дунейуэ арэзы техъуэну «дыщэ кIанэхэр» диIэщ. Апхуэдэщ ди щIыналъэм и мызакъуэу, хамэ щIыпIэ куэдым къыщащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ емышыж ПащIэ Ленэ.**

«ДЫЩЭ КIАНЭ» псалъэр ауэ сытми жытIакъым. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Тыркум IуэрыIуатэхэр щызэхуэтхьэсыжу дыщыIэт, щIалэ хьэщIэр къысхуэфшэ, сыдэуэршэрыну сыхуейщ, жиIэу зы нанэ къыщысщIэупщIам. Къоджэр нэхъыжьщ, жыхуаIэрати, къэдгъанэри, нанэм деж дыкIуат. Зи унэ дыщIыхьа нэхъыжьыфIым къыдиха хабзэмрэ дызыщIигъэдэIуа адыгэбзэмрэ щхьэхуэу я гугъу пщIыну яхуэфащэщ, ауэ къыхэгъэщын хуейщ а бзылъхугъэр хъарзынэ дыдэу Хэку дунейм зэрыщыгъуазэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зэрыхищIыкIыр. Нанэр зыщимыгъэнщIу щIэдэIурт зэрытхузэфIэкIкIэ къыхуэтIуатэ хэку гъащIэм щыщ Iуэхугъуэхэм. ЗытIэкIурэ дыпсэлъауэ, нанэр къызэупщIащ, «дыщэ кIанэм» и макъыр куэд лъандэрэ зэхэсхыжакъым, сыт и дуней, жиIэри. ЗанщIэу къыщызгурымыIуэм, «си пщыжьым и цIэр жысIэну къезгъэкIуркъыми, апхуэдэу соджэ адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэм. Абы адыгэбзэкIи осетиныбзэкIи уэрэд жеIэ», - нэхъ гурыIуэгъуэ ищIащ зи гугъу ищIыр. КъызгурыIуащ ПащIэ Ленэ тепсэлъыхьыну зэрыхуейр. Си насыпти, уэрэджыIакIуэм «Си гъащIэ - си уэрэд» зыфIища и тхылъыр а далэм хуэзэу къыдэкIат, зыщызгъэгъуэзэнуи сыхунэсат. Абы къизджыкIахэм щызгъэгъуазэурэ дыздэщысым, хэку хьэщIэ иIэщ жаIэурэ, зи ныбжь хэкIуэта нанэ зыбжанэ абдеж къыщызэхуэсащ. Зэхуэсыр ауэрэ уэршэр IэфIым хыхьэри, нэIуасэ дызэхуэхъуа нэужь, игъащIэкIэ сщымыгъупщэжыну ПащIэм игъэзащIэ «ПыIэ фIыцIэр уи щыгубгъуэт» уэрэдыр къыхадзащ. Гум зыпхидзу, зым къыхидзэрэ адрейхэм къапхъуатэу нанэхэм жаIа уэрэдым абыхэм я нэгу къыщIигъэхьэр Сэрыкъэмыш зауэм кIуэуэ къэзымыгъэзэжа я адэхэмрэ адэ къуэшхэмрэт. Уэрэдым и макъамэр тIэкIу нэгъуэщI хъуами, нэхъыщхьэу хэлъыр зыт - гущIэм имыхуэж гупсысэхэр къызэраIуэтэн Iэмал хамэщIым къыщыхъуа а нанэхэм ПащIэ Ленэ зэраритыфарат. Си нэгу щIэмыкIыж а Iуэхугъуэм ПащIэ Ленэ нэхъри нэхъыфIыжу сигъэлъэгъуащ.

ПащIэр нэгъэсауэ цIыхубэ уэрэджыIакIуэщ, зи цIыхугъэр лъагэ, зи адыгагъэм щIэи гъуни имыIэ цIыху дахэщ, къэзылъхуахэм яхуэщыпкъэ пхъущ, зыхыхьахэм яхуэхьэкъылы нысэщ, анэ гумащIэщ. Ар хущIокъу зэплъым, зэIусэм, зэпсалъэм и псэм щыщкIэ ядэгуэшэну, дапщэщи лъэужь дахэ къигъэнэну. Ленэ куэд щIакъым дауэдапщэ дахэ и тхьэмадэшхуэм - адыгэ усыгъэм и лъагъуэхэш ПащIэ Бэчмырзэ - и цIэр зыфIища музейм зэрырищIэкIрэ. Iуэхур къэдгъэсэбэпри, ди «дыщэ кIанэу» Ленэ деуэршэрылIащ, и гъащIэм, и гугъэхэм, и гукъеуэхэм тедгъэпсэлъыхьащ. Ди гуапэу едгъэкIуэкIа псалъэмакъыр «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджакIуэхэм фи пащхьэ идолъхьэ.

**- Ленэ, уи цIэр зэхэзымыха, уи уэрэд емыдэIуа адыгэ куэд щыIэу къыщIэкIынукъым. Ауэ щыхъукIэ, уи гъащIэм теухуауэ дызыщыгъуазэр мащIэщ. Укъыщалъхуам, ущыпсэуам, хамэщIым укъикIыжу Хэкум укъызэрыкIуэжам теухуауэ цIыхухэм ящIэмэ мыр нэхъыфIщ жыхуэпIэу сыткIэ укъыддэгуэшэнт?**



**ПащIэ Ленэ Калифорние штатым (США) щыIэу.** *1989 гъэ*

- Сэ Къэзахъстан щIыналъэращ сыкъыщыхъуар. Хэкум къыщыдгъэзэжам, къэзахъыбзэрат нэхъыфIу сщIэр, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи сыпсалъэртэкъым. Дунейм сыкъытехьэным ипэкIэ си адэшхуэ-анэшхуэхэр ирагъэкIауэ щытащ, къызыхэкIа лъэпкъыр щхьэусыгъуэ ящIри. Си анэр Налохэ япхъущ, быным я нэхъыжьу зэшыпхъуиплI хъурт. Куэд дыдэ и нэгу щIэкIащ абы, ауэ зэи мыкIыжын дыркъуэу и гум къытенащ и адэ-анэр хамэщIым зэрыщыщIилъхьэжар. Сыт пщIэнт, Хэкур зрагъэбгына куэдым яхуэдэу, къэнар псэун хуейти, си анэми и бгыр щIикъузащ. ЗэшыпхъуиплIым зыр адрейм тегужьеикIами, хуэмурэ я Iуэху дагъэкIыу хуежьащ. Уи натIэм къритхам уфIэкIынукъым, жыхуаIэращ. Си анэ Жангуащэ щхьэгъусэ хуэхъунур хамэщIым къыщицIыхуащ.

Си адэ Ашэбокъуэ Хъалиди матэщIэдзауэ псэуакъым. ТIэунейрэ и мылъкур трахащ, ауэ акъылыфIэт икIи псэуакIуэти, зыкъиужьыжырт. ФIыгъуэ-ижэр Iуэхушхуэщ, абы гъуэгу къратакъым. Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь, ди адэр зауэм кIуащ, ауэ, и насыпыншагъэти, нэмыцэхэм яубыдри, гъэрэщым исащ. Зауэр увыIа нэужь, умыкIуэж, гъэр зэтращIахэм ящыщу зыгъэзэжахэр ягъэтIыс, жаIэу сыт хуэдизрэ къыжраIами, идакъым - щалъхуа лъахэм къигъэзэжыну триухуащ. АрщхьэкIэ, Совет къэралым къызэрихьэу, яубыдри, хейми мысэми зэхамыгъэкIыу, Магадан яхуащ. Ауэ пэжыр зэрытекIуэнумкIэ фIэщхъуныгъэ ди адэм иIэти, Сталин Иосиф письмо хуитхащ, лажьэ имыIэу зэрагъэтIысамрэ ар къызыхэкIамрэ иту. Тхьэр щыIэщ, ар хьэкъщ - мазищ фIэкIа дэмыкIауэ, хуит къащIыжауэ щытащ. Хуит къызэрыхъужу, ди адэм дэ къэпищ зэхуихьэсри, сабынкIэ къихъуэжауэ щытащ. А лъэхъэнэм сабыныр гъуэтыгъуейт, ахъшэ пэлъытэт. Зи Хэку кIуэж щIалэр Къэзахъстаным и гъущI гъуэгухэм щахъунщIэм, и лъэр щIэхуащ - абдеж къыщынащ, шыгухуу лэжьэн щIидзащ.

Ауэрэ Iэгъуэблагъэм ит сымаджэщхэм языхэзым щылажьэ си анэр къыщицIыхуащ. ХэпщIыкIыу нэхъыжьми, фIыуэ илъэгъуащ си анэр. ЕкIуу епсэлъыхъуащ, зи гур иуда хъыджэбзым дахэ жриIащ, и шыпхъухэм я жагъуэ зэримыщIынур, и нэIэ зэратригъэтынур щыжиIэм, къыдэкIуэну тегушхуащ. ИкIи хущIегъуэжакъым, я псэр зы чысэм илъу зэдэпсэуащ. ЛэжьапIэм къыщикIыжа пщыхьэщхьэхэм языхэзым ди адэр, еша хъунти, щхьэукъуащ. Абы хэту «Хъалид, тэджи кIуэж!» псалъэхэр зыгуэрым къыжриIэ хуэдэу зэхихащ. Къызэщыууэ къыщыплъэм, иIыгъ нэхудзыр ди анэр щыжей пэшымкIэ трыригъэдзащ, асыхьэтми абы епщылIэ блащхъуэр къилъэгъуащ... Тхьэм и Iэмырти, псори хъарзынэу зэфIэкIащ, ауэ илъэс зыбжанэкIэ абыхэм хамэщIым зыщаIэжьэжын хуей хъуащ.

Ди анэр 1957 гъэм хей ящIыжри, Хэкум къэдгъэзэжащ. ЯпэщIыкIэ Шэджэм дыщетIысэхащ, иужькIэ Лэскэныщхьэ дыкIуэжащ. Къуажэ псор зы унагъуэм хуэдэу зэдэпсэурт, дызэкIэлъыкIуэрт, дызэрыIыгът, фIыуэ дызэрылъагъурт. Ди адэм хъыбару ищIэм гъунэ иIэтэкъым, зэдэлъхузэшыпхъуищыр дыкъетIысэкIауэ абы жиIэм дедаIуэу нэху тхуэгъэщынут. ГъэщIэгъуэнращи, къиIуэтэж псори пэжу къытщыхъурт, абыхэм дыхэтуи къызыщыдгъэхъурт. ИкъукIэ тэмакъкIыхьт, зэпIэзэрытт, ди анэм тыншыгъуэ иритащ. Гугъуехь куэд зи фэм дэкIа си адэр илъэси 104-м иту, и акъылыр жанрэ и бзэр нахуэу дунейм ехыжащ.

**- Уэрэдыр псэкIэ умыгъэзащIэмэ, цIыхум зыхищIэнукъым. Илъэс IэджэкIэ утыкур бгъэдахэу уитащ. Сыщыгъуазэщ сценэр тыншу абы итам зэрыхуэмыбгынэр. Уэ дауэ укъикIыжыфа абы?**

- Концертхэм срагъэблагъэрэ уэрэдхэр щыжысIэу, ди щIыпIэхэми хамэ къэралхэми сыкIуэу хъарзынэу утыкум ситт, гуауэшхуэ къыщысщIэIуам - си щIалэ нэхъыщIэр дунейм ехыжащ. Абы иужькIэ сценэм къихьэжыныр къызэхьэлъэкI хъуащ. Гуауэр сынокIуэ жиIэурэ къакIуэркъым, Тхьэм къысхуигъэфэщар акъылкIэ бгъэдэслъхьами, псэкIэ гугъу сехьырт. Си унафэщIым хуит сищIат зыкъэзужьыжыху унэм сыдэсыну. Илъэс дэкIа нэужь, сытегушхуащ утыкум сихьэжыну. АрщхьэкIэ, уэрэд жысIэну сыщежьэкIэ, зыбжанэ лъандэрэ сыкъэзымылъэгъуахэр къызбгъэдыхьэурэ си гуауэ згъэтIылъар къаIэтыжу къысхуэгузавэрт, апщIондэхуи си псэр пыкIэзызыхьу щытыкIэ гугъу сихуэрт. КъызгуроIуэ, фIым къыхахыу арат къызбгъэдыхьэхэм я псалъэхэр, ауэ абыхэм си гукъеуэм деж сахьыжырти, гугъу сригъэхьырт. Щымыхъужыххэм, Осетием сыкIуащ. Абдеж зыми сыкъыщицIыхуртэкъым, осетиныбзэкIи уэрэд згъэзащIэрти, мыIейуэ илъэс зыбжанэ щесхьэкIащ. Радиомрэ телевиденэмрэ концерт щыстырт, къуажэхэм сыкIуэрт, псори хъарзынэу екIуэкIащ.

Зэгуэрым, жэщыр фIыуэ хэкIуэтауэ, куэбжэм ину зыгуэр къытеуIуащ. Си гум фIы лъэпкъ щымыщIэу унэм сыкъыщIэжащ, етIуанэ къатрат сыздыщIэсри, си гупсысэр си адэ-анэм деж щыIэу сыкъежэхащ. Куэбжэр Iусхмэ, ди гъунэгъу лIы щIакъуэрат щытыр. Иджыпсту зы аркъэ Iубыгъуэ къызумытмэ, сылIэнущ, жиIащ. Асыхьэтым сэр нэхърэ нэхъ насыпыфIэ щымыIэу зыкъысщыхъужащ, апхуэдизкIэ си гум щыщIэм Iуэхур зыIутыр пэжыжьэти - сыкъэзылъхуахэр схуэпсэут, сытыт нэгъуэщI фIыгъуэу сызыхуейр... Тхьэм гуэныхь къысщимыщI, ирифынум дишхын щIыгъуу естри, гъунэгъур IузгъэкIыжащ. СыщIыхьэжа нэужь, сыжеижыфакъым, си гъунэгъу лIы щIакъуэм и гъащIэр къызэрекIуэкIар стхыжыну си гум къихьэри, Iэнэм сетIысылIащ. Нэху щыху сытхащ, къыкIэлъыкIуэ махуэми жэщми сытхащ. Абдеж къыщыщIэздзэри, къалэмыр Iэпэгъу схуэхъуащ, слъэгъуар, сызрихьэлIар, зэхэсхар стхыжу сыхуежьащ. Стхыр тездзэ щыхъум, цIыхухэм гурыхь зэращыхъур къыщызгурыIуэм, сценэри хуиту сутIыпщыфащ.

**- Утхэурэ уи тхьэмадэшхуэ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ музей щыIэн зэрыхуейм ухуэкIуащ. А гупсысэри нахуэ хъуащ. Куэд щIакъым, музейм лэжьэн зэрыщIидзэрэ илъэс 20 щрикъум дауэдапщэ хъарзынэхэр ебгъэкIуэкIащ. Дауэ екIуэкIа а Iуэхур, Ленэ?**

- Сэ Ашэбокъуэхэ сащыщщ, си адэм и къуэпсхэр абхъаз пщы Ашабэ Ло йокIуэлIэж. ПащIэхэ сранысэу аращ, илъэс 18-м ситт сакъыщыхыхьам. Си щхьэгъусэр ПащIэ Бэчмырзэ и къуэрылъхущ. Унагъуэм щыщхэр адэшхуэм мащIэ дыдэт зэрытепсэлъыхьыр. Сэ сытри сфIэгъэщIэгъуэнти, мащIэ-мащIэурэ сыщIэупщIэрт, абы къыщIэна хьэпшыпхэр зэхуэсхьэсырт. Япэ дыдэу къысIэрыхьар тхьэмадэшхуэм и бжэмыщх цIыкIурщ. А псор зыхуэкIуэнур сщIэртэкъым, ауэ си гум сыкърихуэкIырт, зэм-зэм зыщIыпIэ сызэрынихьэсынури зыхэсщIэрт. Ауэрэ си щхьэм къихьащ дадэм и цIэкIэ музей къызэIухын зэрыхуейр. Абы иужь ситурэ, ди лъапсэм зы унэ цIыкIу итщIыхьащ, абы щIэплъхьэ хъуну хьэпшыпхэр къесхьэлIэу щIэздзащ. Дадэ зыбгъэдэса Iэнэр, зытеса шэнтыр, унагъуэм щызэрахьа гуэгуэнхэр, хьэкъущыкъухэр, пхъащIэ Iэмэпсымэхэр щIэслъхьащ япэщIыкIэ. Зыгуэрым дадэ ищIа уанэр къызитыжащ, нэгъуэщIым цеищэ пкъор къытхуихьыжащ. Апхуэдэххэурэ музейм бгъэлъагъуэ хъуну куэд щызэхуэсхьэсащ.

Музейм лэжьэн щыщIидзар 2003 гъэрщ. Музейр къэралым и пщэ дэслъхьэмэ, нэхъыфIу лэжьэну къэслъытэри, абы щыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэу щыта КIуэкIуэ Валерэ деж лъэIу тхылъ стхащ. МащIэ гугъуехьи сыхэтакъым, ауэ, икIэм-икIэжым, КIуэкIуэм си гукъыдэжыр къыздиIыгъащ, музейр къэралым къищтэри, абы ПащIэ Бэчмырзэ и щIэблэм ящыщу цIыхуитI щылэжьэну хуиту къэрал унафэ къыдигъэкIащ.

ЦIыхуфIхэр щымыIамэ, дунейр къутэжынт. Музейр щызэфIэувэ илъэсхэм сэ куэд щIэгъэкъуэн къысхуэхъуащ, хэти псалъэкIэ си гур фIы къысхуищIу, хэти сомкIэ Iуэхум къыхэIэбэу. Псоми фIыщIэшхуэ яхузощI. Музейм и бжэр япэ дыдэу къыщызэIутхым, цIыхушхуэ къекIуэлIат. ГурыIуэгъуэт, ПащIэ Бэчмырзэ цIыхухэм зэращымыгъупщар, абы и хьэкъыр зэрателъыр зыхэзыщIэхэр зэрымымащIэр.

**- Музейр илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу ебгъэкIуэкIа пшыхьым архивым къыщыбгъуэтыжауэ зы тхылъымпIэ хьэлэмэт дыдэ щызбгъэлъэгъуат, ПащIэ Машэ и къуитIым - Бэчмырзэрэ Хьэжмырзэрэ - я цIэхэр иту. Бэчмырзэ и щIэблэр дощIэ, Хьэжмырзэ и щIэблэр дэнэ щыIэ?**

- Музейм лэжьыгъэ щекIуэкIын хуейщ. Ар зэтес пхуэщIынкIэ Iэмал иIэкъым узытелажьэ Iуэхум лъабжьэ хуэхъун нэрылъагъу хьэпшыпхэм къищынэмыщIауэ, сурэтхэр, дэфтэрхэр, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэмылъмэ. Сэ сыщылэжьащ ди щIыналъэм ит архивхэм, къыщыслъыхъуащ абыхэм ПащIэ Бэчмырзэ и гъащIэм теухуа куэд. IуэрыIуатэм и пщIэр зымащIэкIи сымыгъэлъахъшэу, къыхэзгъэщыну сыхуейт илъэс пщIы бжыгъэхэм я ныбжьыр зытрищIэ тхылъымпIэ гъуабжэр къыщыпIэрыхьам деж Iэнкун узэрыхъур, абы къибджыкIым, зэхэпхам нэгъуэщIынэкIэ узэрыхигъэплъэжыр. Апхуэдэу ПащIэр унагъуэ тхьэмыщкIэ къыхэкIауэщ тхылъхэм зэритыр. Ауэ сэ къэзгъуэтащ 1918 гъэм плъыжьыдзэр ди дадэм къытеуэу пщIантIэм дэт танэр зэрыдахуар, фочрэ дыжьын хьэпшыпхэмрэ зэрытрахар, мэкъу Iэтэр зэрыдашар иту. Псори зэхэту сом минитху и уасэ мылъку дахащ. Абы щыгъуэ минитхур ахъшэшхуэт. ЖысIэну сызыхуейращи, хуэщIауэ псэу унагъуэт къызыхэкIар ПащIэ Бэчмырзэ.

Ауэ сэ псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэни къысщыхъуу, лъапIэныгъи есту си гъащIэм зы Iуэхугъуэ къыщыхъуащ. Иорданием сыщыIэт, ПащIэхэ си Iыхьлыщ, си адэшхуэр Хьэжмырзэщ, жиIэу зы бзылъхугъэ цIыкIу къыщызбгъэдыхьам. Пэжыр жысIэнщи, сыкъэуIэбжьат, жысIэнур сымыщIэжу Iэнкун сыхъуат. ЦIыхубзым къысхуиIуэтэжащ и адэшхуэм и гъащIэр къызэрекIуэкIар, ар цIыху хьэлэмэту дунейм зэрытетар. Ауэ, нэхъыщхьэу къыхэзубыдыкIаращи - Хэкум икIыу и къуэш Бэчмырзэ къыбгъэдэкIыу письмохэр къыIэрыхьэу щытащ. Хьэжмырзэ дунейм ехыжа нэужь, быным а тхыгъэхэр фэеплъу зэбграхри, илъэсхэм дэкIуэдыжащ. Хэкум сыкъэкIуэжа нэужь, архивым къыщызгъуэтащ зы дэфтэр, ПащIэ Машэ, Бэчмырзэрэ ХьэжмырзэкIэ еджэу, къуитI зэриIар иту. Ар къэгъэнауэ, зэкъуэшитIыр зэтIолъхуэныкъуэт. Абыхэм зы шыпхъу яIащ, Хужь и цIэу. Ар Мэзанхэ исащ. «БампIэр къыстеуэмэ, Мэзанхэ сокIуэ» жыхуиIэр а шыпхъуращ. ЗэкъуэшитIыр дунеягъэкIэ зэпэIэщIэ хъуами, хьэдрыхэкIэ зэрыгъуэтыжауэ Тхьэм къыщIигъэкI, ауэ я щIэблэр дызэрыгъуэтыжащ, дызэрощIэ, дызэкIэлъокIуэ. Мис апхуэдэ лъапIэныгъэ яIэщ IуэрыIуатэхэми дэфтэрхэми.

**- Музейм и Iуэхум деж дгъэзэжынщи, ар къызэIупхын хуейуэ Тхьэм уигу кърилъхьати, бгъэзэщIащ. Уигу щIэныкъуэ, иджыри мыр зыхуей хуэзакIэщэрэт, жыпIэу сыт къанэрэ?**

- Iэджэ хъуэпсапIи сиIэщ, Мурат. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Бэчмырзэ и щIыунэр щиухуа Жэмыжьыкъуэ цIыху кIуапIэ сщIыну сызэрыхъуапсэр, ар зэзгъэпэщыжыну сызэрыхуейр. Дадэр цIыхухэм яхэкIыурэ щIыпIэ зэгъуэкI ищIауэ а щIыунэм кIуэрт, уэздыгъэнэфым къыпидз нэхум бгъэдэсу и усэхэр, гъыбзэхэр, уэрэдхэр зэхилъхьэрт. Сыт и уасэ лъэпкъ литературэр зэфIэувэным зи гуащIэ хэзылъхьа нэхъыжьыфIым и цIэм епха а щIыпIэр зэфIэбгъэувэжыну?! Iуэхум гъунэ итлъащ, ауэ сыту фIы хъунт лъэпкъ Iуэхум зи гур хуихахэм дызэхахыу а гуращэр нэхъ псынщIэу нахуапIэ щIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуатэмэ...

ПщIэрэ, зэгуэрым хадэм ситу сигу къэкIащ: ей, мыбдеж мэз лъапэху тIэкIу итатэмэ, дадэ хуэдэу блэкIми къыблэкIыжми аму езгъэшхынт, жысIэри. Сытым хуэдэу гъэщIэгъуэн къысщыхъуат, Мурат, тэлай дэкIыу, хадэм ит мыIэрысейм и щIагъым аму къыщIэкIыкIауэ щыслъэгъуам. Иджы накъыгъэм и 18-м, Музейхэм я махуэм, хэт къысхуэкIуэми, хадэм изошэ, псынэпс щIыIэм щыщ изогъафэ, аму изогъэшх. Дадэ и псэр къытхэт къысщохъу, и псэр Тхьэм жэнэткIэ игъэгуфIэ!

**- Ленэ, зэрыжаIэм хуэдэу, удыщэ кIанэщ. Абы и щыхьэтщ уэ уигу къэмыкIатэмэ, нэгъуэщIым кърихьэжьэнкIэ Iэмал зимыIа ПащIэ Бэчмырзэ и музейри. Уи гупсысэхэр къыбдэзыIыгъын уиIэу, уи быным я гуфIэгъуэм ухэплъэу ди япэ Тхьэм уригъэт!**

*Епсэлъар* **ТАБЫЩ Муратщ.**

# Уи Iуэху гъэфIи, IэфI уащыхъунщ

**И щхьэм нэхърэ и макъыр цIыхухэм нэхъ ящIэхэм ящыщщ ди республикэм и къэрал радиом илъэс куэд щIауэ щылажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Махуэлl (Лыхь) Хъаджэт Шагъир ипхъур. Инэтын купщIафIэхэмкIэ ар лъоIэс дэтхэнэ зы цIыхуми и гум, и псэм, зэпсалъэ, къигъэпсалъэ цIыхухэр нэIурыт дыдэу радиом едаIуэхэм иригъэцIыхун лъокI. Къыщалъхуа махуэр мэкъуауэгъуэм и 8-м зыгъэлъэпIэну бзылъхугъэ щыпкъэм псалъэ гуапэу щыIэр лъыбгъэсыну къелэжь, сыту жыпIэмэ, игъащIэкIэ укъигъэпцIэнукъыми, фыгъуэ-ижэ жыхуаIэр ищIэркъыми, хузэфIэкIыу къыпхуимыщIэнрэ зэрызыкъыпщIимыгъэкъуэнрэ къэгъуэтыгъуейщи. Абы щыхьэт техъуэфынущ ар зыцIыху дэтхэнэ зыри.**



ХЪАДЖЭТ 1955 гъэм Каменномост (Къармэхьэблэ), иджыпсту ину къалъытэну унагъуэм (зэрыбыних хъухэрт – щIалиплIрэ хъыджэбзитIрэ) къыщалъхуащ. ЗэрыцIыкIурэ литературэр зыпищI щымыIэу фIыуэ зылъагъу хъыджэбзыр школ нэужьым щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ и къудамэм. Литературэр апхуэдизкIэ и гъащIэ гъусэ хъуат ныбжьыщIэми, арыншауэ и дунейр и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым.

Хъаджэт зэрыжиIэмкIэ, студент гъащIэм нэхъыфIрэ нэхъ IэфIрэ дунейм теткъым, а илъэситхур нобэми гуапэу игу къегъэкIыж: «Си жагъуэ зэрыхъунщи, университетым сыщезыгъэджахэр псэужкъым, ауэ ахэр си гум зэи ихунукъым. Апхуэдэщ ХьэкIуащэ Андрей, Нало Ахьмэдхъан, Толгуров Зейтун, Къэжэр Хьэмид сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэращ адыгэ литературэм и гъуэгуанэр дэзыгъэцIыхуар, нэгъуэщI къэралхэм я тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ дыхуэзыщIар».

Университетыр къыщиухым ар практикэ кIуэжат и къуажэ. Къамбий Мухьэб зи унафэщIу Къармэхьэблэ дэт школым мазитIкIэ щыIащ, абы иужькIи къамыутIыпщыжу мазэ зыбжанэкIэ щригъэджащ. И жылэмрэ абы и сабийхэмрэ ар апхуэдизкIэ дахьэхати, университет нэужьым абы игъэзэжащ, радиом и диктор къыхахыу ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм зэрыпхыкIам хуэдэу. КъызэIуахагъащIэ ещанэ курыт еджапIэм урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щригъаджэу уващ, иужькIэ япэгъунэгъу етIуанэ школым кIуэжри, илъэсийкIэ щылэжьащ, егъэджакIуэуи школым и унафэщIым егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэуи.

Школыр фIыуэ илъагъуми, гъэсэныгъэм дихьэхми, Хъаджэт и хъуэпсапIэт радиом щылэжьэну. «Си сабиигъуэмкIэ сызэIэбэкIыжынщи, Залинэ, си щхьэгъубжэм тет радио цIыкIум, сыт хуэдэбзэ къитми, сыщIэжеикIырт, си адэм и ныбжьэгъухэм жаIэ уэрэдхэм, хъыбархэм седаIуэрт. Арагъэнщ жьэрыIуатэбзэр, литературэр фIыуэ щIэслъэгъуар. Си хъуэпсапIэр зэзмыгъэхъулIамэ, си гъащIэр щыз, гъэщIэгъуэн, щхьэпэ зэрыхъуар зыхэзмыщIэнкIи хъунт», - жеIэ Хъаджэт.

Апхуэдэу 1989 гъэм радиожурналист хъуащ. ЯпэщIыкIэ КъБАССР-м и къэрал телерадиом урысыбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр и редакцэм, иужькIэ литературэ-драмэ нэтынхэмкIэ редакцэм я редактору щытащ, иужьрей илъэсхэм «КБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и лэжьакIуэщ. МахуэлIыр тхьэмахуэ къэс радиоэфирым йохьэ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр!», «ХьэщIэщ», «Таурхъан», «Усыгъэ», «Къызэрыфэ пшыналъэхэр», «Прозэм и напэкIуэцIхэр», «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» нэтынхэмкIэ. Абыхэм я хьэщIэщ тхакIуэ цIэрыIуэхэр, литературэджхэр, артистхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, тхыдэджхэр, политикхэр. Радиом и гъэтIылъыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ хъуащ Нало Ахьмэдхъан, IутIыж Борис, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къалмыкъ Юрэ, Нало Заур, МафIэдз Сэрэбий зыхэта нэтынхэр. ЗэпсэлъылIахэм ящыщщ КIыщокъуэ Алим, абхъаз тхакIуэ Шынкубэ Бэгърат, щIэхщIэхыурэ и нэтынхэм къыхуоблагъэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Бейтыгъуэн Сэфарбий сымэ, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэри.

Хъаджэт и гуащIэр нэхъыбэу зытеухуар щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, егъэджэныгъэмрэ къытщIэхъуэ щIэблэм я гъэсэныгъэмрэ ехьэлIа Iуэхухэр утыку къихьэнырщ. Зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэм, IэщIагъэлIхэм епсэлъылIэну фIэфIщ Хъаджэт. Дэтхэнэ зыми езым и гъащIэ, и гъуэгу дахэ иIэжщ, ауэ языныкъуэхэм деж тыншкъым уи хьэщIэр къэбгъэпсэлъэныр, и псэр къыпхузэIуихын хуэдэу. «Журналисту улажьэ хъунукъым цIыхур фIыуэ умылъагъуу, – щыжиIат Хъаджэт и къэпсэлъэныгъэхэм ящыщ зым. – Псом хуэмыдэу, а узэпсэлъылIэм хьэкъыу зыхищIэн хуейщ абы жиIэм нэхъ гъэщIэгъуэн, нэхъ гупсысэ зыхэлъ игъащIэм зэрызыхыумыхар, и IуэхущIафэми и дуней тетыкIэми пщIэ зэрыхуэпщIыр. ИтIанэщ цIыхум и гур къыщыпхузэIуихыфынур».

Хъаджэт и лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъур, абы зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр, щIэ лъыхъуэ зэпыту зэрыщытыр ар зыцIыху псоми ящIэ. Ар здынэсам зэи къыщыувыIэркъым, нэтынхэм я зэхэгъэувэкIэм деж къыщыщIэдзауэ компьютеркIэ макъхэр зыхуей хуэгъэзэным деж нэсу бгъэдыхьэкIэщIэ къызэрыхуигъуэтыным яужь итщ. Хъыбарыщ Iэхэр зэхуэхьэсыныр и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэми, гъуазджэм, литературэм, щэнхабзэм хуэнэхъуеиншэщи, и гуащIэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыд республикэмрэ абы и цIыхухэмрэ я гъащIэм.

Хъаджэт и лэжьыгъэр мызэмытIэу къалъытащ медалхэмкIэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ. 1998 гъэ лъандэрэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, 2012 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Апхуэдэуи абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, «КъБР-м щыщу Абхъаз зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэ», «КъБР-р илъэси 100 ирокъу», «Зауэм и бынхэр» медалхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щIыхь тхылъымрэ и щIыхь дамыгъэмрэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори Хъаджэт къилэжьащ и щIэныгъэкIэ, и Iуэху зехьэкIэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ.

Зыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, бзылъхугъэр зыгъэнасыпыфIэхэм ящыщщ ипхъухэмрэ абыхэм я унагъуэмрэ. ТIуми бзэ щIэныгъэмкIэ Пятигорск дэт университетыр къаухащ, ехъулIэныгъэ яIэу мэлажьэ.

Хабзэ зэрысхуэхъуауэ, си тхыгъэр зытеухуа бзылъхугъэр нэхъ наIуэу фи нэгу кърищIэзгъэувэмэ си гуапэу, абы хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр фи пащхьэ нызолъхьэ.

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, *Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:* - Къэбэрдейм зы къуажэ исуу къыщIэкIынкъым Къармэхьэблэ къыдэкIа цIыхубзхэм хуэдэу цIэрыIуэ. Къапщтэмэ, Франджым и лIыхъужь, дохутыр Iэзэ Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан, къэрал псом фIыуэ щалъагъуу, щацIыхуу щыта Къэшэж Иннэ, щIэныгъэлI, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и член-корреспондент ЩауэцIыкIу (Хьэмыз) Людмилэ, журналист Iэзэ Хьэгъундокъуэ Салисэт, усакIуэхэу Балэгъы Любэ, Къармэ Iэсият, Гугъуэт Заремэ сымэ, нэгъуэщIхэри. СэркIэ абыхэм я щхьэщ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, илъэс 40-м нэсауэ Къэбэрдей радиом зи макъ дахэр щызыгъэIу МахуэлI Хъаджэт.

Абы и цIэр зымыщIэрэ и макъ гуапэр зэхэзмыхарэ зы адыгэ цIыху Къэбэрдей-Балъкъэрми ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу нэгъуэщI щIыпIэхэми ис хъункъым. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, адыгэпсэ зиIэ зы цIыхубз дунейм тетмэ, Хъаджэт етIуанэщ. И адыгэбзэр, и цIыхугъэр, и гумащIагъэр абы нэтын зыхуищIахэм ящIэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней», «Адыгэ пщащэ» зэпеуэхэм ар куэдрэ ди гъусэу нэкIуащ икIи бзэр хъумэным теухуауэ, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм ящIэн хуейм удихьэхыу радиокIэ тепсэлъыхьыжащ.

Щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэм теухуауэ абы ищIа нэтынхэр куэд дыдэ мэхъу. Хъаджэт и зэфIэкIым и лэжьэгъухэри, хэкум ис дэтхэнэ зыри щыгъуазэщ, радиом едаIуэхэр абы ирогушхуэ, пщIэ хуащI. Бзылъхугъэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щыхъу махуэм ирихьэлIэу си гуапэу сохъуэхъу абы ипхъу щIыкIафIэхэу ФатIимэрэ Гуащэрэ я насып илъагъуу иджыри куэдрэ ящхьэщытыну, узыншагъэ быдэ иIэу дяпэкIи лэжьэну.

**Безрокъуэ Маритэ**, *егъэджакIуэ, УФ-м профтехщIэныгъэмкIэ и отличник, лэжьыгъэм и ветеран:* - Хъаджэт сэрэ гъащIэ гъуэгуанэ къызэдэткIуащ, дызэныбжьэгъуу дыкъызэдекIуэкIащ, ауэ дыщызэрыцIыхуар Налшыкщ. Къармэхьэблэ егъэджакIуэу щылажьэ, радиом хуабжьу щIэхъуэпс бзылъхугъэр, и Iэ зэтедзауэ щымысу, къалэм къакIуэри и мурад зригъэхъулIауэ, икъукIэ фIыуэ яхэзэгъауэ, радиокомитетым куэд щIауэ щолажьэ. Илъэс 45-кIэ сату-технологие колледжым сыщыIащ егъэджакIуэу, унафэщIым и къуэдзэу. АтIэ а илъэсхэм къриубыдэу сытым дежи радиом сыкIуэрт, ар фIыуэ слъагъурт, ди IэщIагъэ зыхуедгъаджэхэм теухуауэ радиом едаIуэхэм куэд яжесIэн хуей хъурт. Абыхэм нэмыщI ди колледжым къедгъэблагъэурэ сабийхэри абыхэм я адэ-анэхэри, егъэджакIуэхэри къигъэпсалъэу щытащ Хъаджэт. Лэжьыгъэ, нэтын куэд зэдэтщIащ абырэ сэрэ жыхуэсIэщ.

УнагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэу, ди бынхэри зэрыщIэу дыкъызэдэгъуэгурыкIуащи, зэи сигу зригъэбгъакъым, сэри и жагъуэ сщIакъым. ЗэрымыщIэкIэ къыпIэщIэмыщIэмэ, ухуейуэ и гум уеуэфынукъым, апхуэдизкIэ ар цIыху Iэсэлъасэщ, зэпIэзэрытщи. И щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжати, и сабий дыгъитIыр егъэджэнымкIэ, зыхуей хуэгъэзэнымкIэ гугъу ехьащ. ДэIэпыкъуэгъуфIу иIа и пщыпхъум и цIэ къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым. ФатIимэ гугъу зыкъыдригъэхьащ, зыкъыщIигъэкъуащи, псапэу Тхьэм къритыж. И дуней тетыкIэ дахэкIэ къилэжьауэ зыхэс лъэпкъми зыдэлажьэхэми фIыуэ къалъагъу Хъаджэт.

Насыпыншэтэкъым ар, езыр гугъу ехьами, и гугъуехьыр пщIэншэ хъуакъым, и сабийхэм зыхащIыкIащ. Унагъуэфl ихуащ тIури, Къардэнхэрэ Мыдхэрэ ящыщ и малъхъитIым сыт и лъэныкъуэкIи зыкъыщIагъакъуэ. И унэр цIыху кIуапIэу, къызыхэкIа лъэпкъри зыхэсри зыхуигъадэу, уи пхъур зэрысымрэ уи нысэм и дыщымрэщ нэхъ уи благъэр жыхуиIэ псалъэжьри зыщимыгъэгупщэу мэпсэу Хъаджэт.

Дэри, зэрыхъукIэ, дызэролъагъу, шеибжьэ дызэдефэу ди щIалэгъуэр дигу къыщыдгъэкIыж зэмани къытхуохуэ, ди гуапэ зэрыхъунщи. Мы дунейм къызыхуэт щыIэкъым пхъурылъху фIэкIаи, дыхуохъуахъуэ а имыгъэзащIэу къэна къалэн закъуэр – анэшхуэ хъуныр – къехъулIэну.

**Тэтрокъуэ Астемыр**, *Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист:* - 1972 гъэ жыжьэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщысцIыхуауэ щытащ Лыхь Хъаджэт. Абы къыщыщIидзэри дыздеджэми дыздэлажьэми ди гъащIэм и Университет нэужьым, Каменномост школыщIэ (№3) къыщызэIуахати, абы егъэджакIуэу дагъэкIуат, Хъаджэти къытхэту. Илъэс зытIущкIэ абы дыщыIауэ, сэ школым сыкъыIукIыжащ, къэрал телерадио комитетым илъэс зыбжанэкIэ сыщылэжьауэ, Хъаджэт редактору радиом къэуващ. И гъащIэр радиом щихьам хуэдэу ар тыншу лэжьыгъэм хэзэгъащ, псынщIэу нэтынхэр къехъулIэу, радиом едаIуэхэр къепщIу щIадзащ.

Хъаджэт хьэлыфI куэд хэлъщ. Абыхэм я нэхъыщхьэу къыщIэкIынущ цIыхум зэхихыну зыхуейм емыгупсысауэ нэтын зэримыгъэхьэзырыр. Илъэс 36-рэ хъуауэ республикэ радиом щолажьэри, а илъэс мымащIэм къриубыдэу ар зи ныбжькIи зи зэхэщIыкIкIи зэмыгъунэгъу цIыху мин бжыгъэм яхуэзащ, еуэршэрылIащ, адыгэхэм сэбэп къахуэхъун гупсысэ къапихыу. Апхуэдэу абы радиом едаIуэхэм ярigъэцIыхуащ утыку ихьэну къалэжьу, ауэ гулъытэ зылъымыса ныбжьыщIэ куэд.

МахуэлIым и нэIэ тетщ лъэпкъ литераурэм зэфIэкI щызиIэхэм, лъэбакъуэщIэ абы хэзычэхэм, анэдэлъхубзэр щIэблэм зэращIэм, нэгъуэщIхэми. Лъэпкъ щэнхабзэм и зы плIанэпи гулъытэншэ ищIыркъым Хъаджэт. Абы папщIэ фIагъ лъагэ яIэу абы нэтын куэд ирегъэкIуэкI.

МахуэлIыр щIэмычэу зи IэщIагъэм щIэщыгъуагъ къыщызылъыхъуэ цIыху гумызагъэщ. Сыт хуэдэ Iуэхуми абы и бгъэдыхьэкIэ, и лъагъукIэ хуиIэжщ. И нэтынхэр, шэч хэмылъу, щIэщыгъуэ ящI зым ейми зэремыщхьым, псалъэ гъэщIэрэщIа лей куэдым зызэрыдримыгъэхьэхым. Лэжьыгъэ IуэхукIэ «хьэуэ» зымыщIэ цIыхущ. Сыт и пщэ иплъхьами, я зэманым икIи фIым я фIыжу ар зэригъэзэщIэнум шэч хэлъкъым.

**Мыз Ахьмэд**, *Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист:* - Ди радиом и адыгэ журналист гупым нэхъапэм цIыхубз зыри къытхэтакъым. Дауи, адыгэ къудамэм и унафэщIу лажьэу щыта Къэрмокъуэ Мухьэмэд имыгъуэту аратэкъым гупым хигъэхьэн бзылъхугъэ, ауэ мо лIы ткIийм и дзыхь зригъэзын, зи къалэным пэлъэщыну къыфIэщI иримыхьэлIэу арагъэнт. Журналист IэщIагъэр фIыуэ зымылъагъу, зи Iуэхум IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэну шэч зыхуищI лъэпкъ абы гупым къыхишэнутэкъым. Апхуэдэу здекIуэкIым, Хъаджэт редакцэм къигъэуващ. Дауи, абы ипэ ар зыхуэдэр, и тхэкIэр, IэнатIэ зыIуигъэувэнум теухуа и Iуэху еплъыкIэр, и къэухьыр здынэсыр зригъэщIат.

Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ и щIэныгъи и зэфIэкIи емыблэжу еувэлIащ бзылъхугъэр лэжьыгъэм. ИкIи зэман кIэщIым къриубыдэу журналист нэхъ Iэзэу ябжхэм я сатырым хэуващ. Хъаджэт нобэ республикэм фIыуэ къыщацIыхуу жытIэми пцIыупс дыхъунукъым. Псом хуэмыдэу тхакIуэ-усакIуэхэм, щэнхабзэ IэнатIэм пэрытхэм пщIэ къыхуащI, фIыуэ къалъагъу, уеблэмэ я унагъуэм щыщу, я шыпхъум хуэдэу къалъытэу. Апхуэдэхэр щIэх-щIэхыурэ кърегъэблагъэ, абыхэм ятеухуа нэтын хьэлэмэтхэр гугъэзагъэу къызэрегъэпэщ.

ФIы куэд пхужыIэнущ Хъаджэт теухуауэ, си щхьэкIэ си гуапэщ нобэр къыздэсым къызэрекIуэкIым хуэдэу радиом едаIуэхэр дэзыхьэх нэтын куэд дяпэкIи къызэригъэпэщыну, унагъуэ ихьа и пхъуитIым я фIым, я щытхъум иригушхуэу ящхьэщытыну, узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ гукъеуэр и мащIэу, дэрэжэгъуэр и бащэу и гъащIэ Iыхьэр ирихьэкIыну.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**.




● Псалъэ шэрыуэхэр

# Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым

**Си тхъэгъуэм си гъуанэдэплъэ, си лъаджэгъуэм къыслъимыплъэж.**
**«Сыщыкъулейм къыскІэлъыкІуащ, къулейсыз сыхъури – и щІыбагъ къысхуигъэзэжащ», - жыхуиІэщ.**
**Хьэ пэтрэ и шырыр дзапэкІэ зэрехьэ.**
**Адэ-анэм быным я деж щаІэ къалэныр хьэлэлу ягъэзэщІэн хуейщ, мыхьэнэр иІэщ.**
**Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым.**
**ЦІыхум къыхузэпища, къехъулІа сытым гу щимыхуэ щІыкІэ щыхэкІыжым, щыфІэкІуэдыжым деж хужаІэ хабзэщ.**
**Ухэныпэ нэхърэ - лъэхъуэмбыщІэ.**
**ПщІэ зиІэ, сэбэпышхуэ зыпылъ гуэр зыІэрыбгъэхьэ щымыхъум деж щыІэмкІэ, узыпэлъэщымкІэ арэзы уохъу.**
**Пщыхьэщхьэ акъылым нэхърэ - пщэдджыжь акъыл.**
**Пщэдджыжьым псори нэхъ гъэбелджыла, убзыхуа хъункІэ гугъэу Іуэхум и унафэр пщэдджыжь пщІондэ щагъэІэпхъуэм деж жаІэ хабзэщ.**
**Бзэгум къупщхьэ хэлъкъым.**
**Сыт ухуейми жыпІэфынущ. Зи хъыбарым, псалъэмакъым мыхьэнэ ирамыт цІыхум хуэгъэзауэ къапсэлъ.**

ЩАУЭ Къэлидар.

● Адыгэ нэщэнэхэр

# Жэмыр жьэгъуашхэмэ, гъэшыфІэщ

**Ерыскъы зытелъ Іэнэм уи щІыб хуэбгъэзэну фІыкъым.**
**Ерыскъым уелъэпэуэну фІыкъым, зэ дзэкъэгъуэ нэхъ мыхъуми едзакъэ, упэуджэжынщ, жаІэрт.**
**Жэмыр зэрылъхуа бжыгъэм и зырыз зэпытхьэлыкІыпІэ и бжьакъуэм къытредзэ, жаІэрт.**
**Жэм лъхуам ущытхъумэ, зокІуэкІ.**
**Жэм лъхуэщІэпам и кІэм хъыдан плъыжь кІэращІэрт.**
**Жэмым и пэр щІым егухауэ гъуэгмэ, фІыкъым, щІыр мэхъей, жаІэрт.**
**ЗыщІыпІэ Іуэхукіэ уежьамэ, унэм ущІэкІауэ къэбгъэзэж хъунукъым – уздэкІуэр къохъулІэнукъым.**
**Зыгуэр зыфІэкІуэдам кхъузанэ игъэкІэрахъуэмэ, дыгъум и щхьэр уназэ мэхъу.**

● Шхыныгъуэхэр

## Кхъуей цІынэрэ джэдыкІэрэ



Джэдыкіэ игъэвыкІар фІыуэ ягъэупщІыІу, яукъэбз, тхъунщІалъэкІэ ятхъунщІ е цІыкІу-цІыкІуурэ яупщІатэ. Кхъуей цІынэри ятхъунщІ е яупщІатэ, бжьыныху укъэбзар шыгъу хэлъу яуб. Ахэр зы хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, шыбжий плъыжь хьэжа, шыгъу хадзэ, шатэ Іув хакІэжри зэхагъэзэрыхь, ягъэдиин щхьэкІэ, щІыІапІэм е щІыІалъэм ягъэув и щхьэр тепІауэ. Дакъикъэ 15-20 хуэдизкІэ щагъэтри, тепщэч куу цІыкІум пІинэу илъу Іэнэм трагъэувэ. ПІастэ е щІакхъуэ гъусэ хуащІ. Хуабжьу ерыскъы гурыхьщ икІи къэуатщ.

***Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*** джэдыкІэу 2, кхъуей цІынэу - грамми 100, бжьыныху укъэбзауэ - грамми 10, шатэу - грамми 120-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## КІэртІоф пІастэ

ШыуанкІэ тхъу ягъэплъ, абы халъхьэ тыкъыр цІыкІуурэ упщІэта бжьыныщхьэ, зэІащІэурэ шыбжий хаудэри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэлыбжьэ. Абы кІэртІоф укъэбзар халъхьэ, псывэ щІакІэ, шыгъу тІэкІу хадзэри шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрамыхыу мафІэр ягъэункІыфІри, кІэртІофыр пщтыр щІыкІэ къыркуэ хэмылъу яуб. МафІэр щІагъэнэжри кІэртІоф пІастэм зэІащІэурэ шэ щІэмыху гъэпщта хакІэ. Шыуаныр хьэкум къытрахыж. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж кІэртІоф пІастэр пщтыру тепщэчым иралъхьэ, абы и щІыІум шатэкІэ щІа бжьыныху шыпс, джэдгын хэлъу тракІэж. ПІастэ, щІакхъуэ, лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (цІыхуитху Іыхьэ):*** кІэртІоф укъэбзауэ - грамм 1000, зэрагъэвэну псыуэ - грамм 400, тхъууэ - грамм 60, шэ гъэпщтауэ – грамми 150-рэ, шатэу - грамм 300, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 80, бжьыныху укъэбзауэ - грамм 30, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.



*«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Алыдж Іущыгъэхэр

# Зи тетыгъуэр кІэщІ дыдэ

**♦Дахагъэр Тхьэм къыббгъэдилъхьэ тыгъэщ.**
**♦И лъабжьэр дыдж щхьэкІэ и пыкІэр ІэфІщ.**
**♦Ныбжьэгъугъэр – ІэпкълъэпкъитІым хэт зы псэщ.**
**♦ЩІыхуэ зытемылъ къулейсызыр куэдкІэ нэхъ къулейщ щІыхуэм щІигъэна бейм нэхърэ.**
**♦Щхьэусыгъуэншэу зыри къэхъуркъым.**
**♦Гугъуехь ухэмытауэ зыми зебгъэсэфынукъым.**
**♦Зыгъэпсэхугъуэ зэман диІэн щхьэкІэ долажьэ, мамыру дыпсэун щхьэкІэ дозауэ.**
**♦ЩІэныгъэр насыпыр зыгъэдахэщ, насыпыншагъэм ущызыхъумэщ.**
**♦Зауэм и мурад нэхъыщхьэр – мамырыгъэщ.**
**♦ЦІыхум нэхъыфІ дыдэу хэлъыр гъэсэныгъэрщ.**
**♦Дахагъэр - зи тетыгъуэр кІэщІ дыдэ пащтыхьщ.**
**♦Уи ныбжьэгъухэр бий зыхуумыщІ, уи бийхэр ныбжьэгъу къызэрыпщІыным иужь ит.**
**♦Іуэхушхуэхэр занщІэу зэфІэкІыркъым.**
**♦Акъылым зыри и мыхьэнэкъым, ар цІыхум къыхуэмысэбэпмэ.**
**♦Іущагъыр насыпым и анэщ.**
**♦Игу иримыхь гъэсакІуэм и деж цІыхум зыми зыщыхуигъэсэфынукъым.**
**♦ЦІыхухэм я бзэгум фІамыщІ пщтыр телъмэ нэхъ къащтэ, щэху яхъумэ нэхърэ.**
**♦ЧэнджэщэгъуфІыр сыт хуэдэ мылъкум нэхъри нэхъ лъапІэщ.**
**♦Ныбжьэгъугъэ я зэхуаку дэмылъмэ, цІыхухэм я зэпсэлъэныгъэм зыри къикІыркъым.**
**♦Бзылъхугъэм и лъагъуныгъэм нэхъ щышынапхъэщ, цІыхухъум и лъагъумыхъуныгъэм нэхърэ. Бзылъхугъэм ейр шынагъуэ зыщІыр и гуакІуагъырщ.**
**♦Псалъэр зыгурымыІуэм, башри хэзэгъэнукъым.**

● Тхыдэ

# Емыдж



**Пасэрей тхыдэми ІуэрыІуатэми щыгъунэжщ амазонкэкІэ зэджэ цІыхубз зауэшыхэм я хъыбар. Адыгэхэр абыхэм емыджкІэ еджэу щытащ.**

ПАСЭРЕЙ тхакІуэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, амазонкэхэр Тэн (Дон) Іуфэ Іусащ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэм, псалъэм папщІэ, мэуэтхэм, я лъахэм исащ. Тхыдэм ихъумащ ТыргъэтауэкІэ зэджэ мэуэт гуащэм и цІи и хъыбари. Тыргъэтауэ синд пащтыхь Джэгъэтей и щхьэгъусэт. Боспор пащтыхь Сатир Синд къэралыр зыІэщІилъхьэн мурад ищІащ, абы и жыІэм едаІуэри синд пащтыхьым – Джэгъэтей – мэуэтыпхъур иригъэкІыжащ. Тыргъэтауэ мэуэтхэм яхыхьэжри дзэ зэригъэпэщащ, боспор пащтыхьымрэ синд пащтыхьымрэ ятеуэри, тІуми я дзэр зэхикъутащ. Сатир дунейм ехыжыху, Тыргъэтауэ зауэр игъэувыІакъым. Сатир, иужькІэ пащтыхь хъуа Горгипп екІуэжри, Іэщэр игъэтІылъащ, къэралитІми, Синдикэмрэ Боспорымрэ, я лъабжьэр тІасхъэ ищІауэ... Аращ тхыдэр щыхьэт зытехъуэр.

Нарт эпосми куэдрэ ущрохьэлІэ цІыхубз зауэшыхэм я хъыбар: зауэлІ фащэкІэ хуэпауэ, чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу нартхэм ядозауэ ахэр, уеблэмэ шу пашэ хъуауэ долъагъу. Ар щыхьэт тохъуэ пасэрей тхакІуэхэм зи гугъу ящІ амазонкэхэм я хъыбархэр зэрымылъабжьэншэм: нарт эпосми нэгъуэщІ пасэрей адыгэ ІуэрыІуатэхэми щыгъунэжщ абыхэм я хъыбар. Ар дэнэ къэна, илъэсищэм щІигъукІэ екІуэкІа Кавказ зауэм и тхыдэми ихъумащ цІыхухъу зауэлІхэм ядэшэса, уеблэмэ шу пашэ хъуа цІыхубз хахуэхэм я цІэ.

**КЪАРТУЛ Хьисэ.**

# Псалъэзэблэдз



Зыгъэхьэзырар **БИЦУ Жаннэщ.**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Нартыху, гуэдз сыт хуэдэхэр щралъхьэкІэ нэхъыбэ ихуэн папщІэ чыуэ хуауэ гум трагъэувэ. **6**. ХъуакІэ зыІут цы ІэлъэщІ Іув. **7**. Псэущхьэ лъэпкъыгъуэ зэхуэмыдэхэм къалъхуа, и лІэужькІэ зы лъэпкъым щымыщ псэущхьэ. **9**. Джэдкъаз, къуалэбзу сытхэм я шхын зекІуапІэм щыщу щыкъуныр гъэткІуныр къыщыщІидзэр. **12**. ЩызекІуэ хабзэ щІыпІэхэм я гъунэгъу дыдэ щІыпІэ, нэз. **14**. Къамылым ещхь, шэдылъэхэм къыщыкІ къэкІыгъэ. **15**. Яжьафэ. **16**. Фыз къишагъащІэу хьэгъуэлІыгъуэ зращІэкІ щІалэ. **18**. Шэ щытам и щхьэм къытрищІэу е шэщІэхукІэ шэм къыхагъэкІыу нэхъ дагъэ-пщІагъэ зыхэлъ Іувыр. **20**. Дыгъэм и плъыфэ, дыщафэ, сэхуран гъэгъам и фэм ещхь. **22**. ИлъэситІщы зи ныбжь танэхъу. **23**. Адыгэхэм яш лъэпкъыфІхэм языхэз, икъукІэ жэру. **24**. Щхьэусыгъуэ гуэркІэ зыщыщ цІыхухэм къахэкІарэ защиугъуейуэ губгъуэм ит цІыхухъу.

***Къехыу:*** **1**. ДыжьынкІэ ла, щІагъэна афэ. **3**. И лъэныкъуитІри жану зэрызауэ сэшхуэ. **4**. ХадэхэкІ лІэужьыгъуэ. **5**. Зы хугу хьэдзэ. **8**. ЛІы дэмыкІуа цІыхубз, хъыджэбз. **10**. КъэкІыгъэхэр щІым зэрыхэт я къуэпсыр. **11**. УлІэу упсэу нэхърэ, ... урелІэ. (псалъэжь). **13**. Зыгуэр щагъэскІэ газрэ нэм къыхуэмыубыд сахуэ цІыкІухэмрэ зэщІэту къыхихур. **14**. Ху къызыщІаІукІ гъатхасэ къэкІыгъэ. **17**. Жыхафэгу, хъурейуэ къеувэкІа, къетІысэкІа цІыхухэм я пащхьэ. **19**. Пасэм щыгъуэ грекхэм зэреджэу щыта. **20**. Къэзыпщыхь псэущхьэхэм, хьэмбылу сыт хуэдэхэм я гъуэ. **21**. НэкІубгъухэм, жьэпкъыпэм къытекІэ цы.

**Накъыгъэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. ІуэнтІа. **4**. Къурэ. **5**. Жэм. **6**. Ешх. **10**. Хуохъу. **12**. Пхъэ. **13**. Шэм. **14**. Ипэ. **15**. Лъагъу. **17**. ХущІэ. **20**. Мэш. **21**. Хьэм. **22**. Унэщи.

***Къехыу:*** **1**. Іуэху. **2**. Нэр. **3**. Ажэ. **6**. Елъэри. **7**. Хэпхъуэ. **8**. ШкІэплъ. **9**. Пэшэгъу. **10**. Хуэмыху. **11**. ХъуэнкІэ. **16**. Абгъуэ. **18**. Ешу. **19**. Щхьи.



# IуэрыIуатэм щIэблэр драгъэхьэх

● Щэнхабзэ

**Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ яхуэгъэза, сурэт щIынымкIэ «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» лъэпкъыбэ фестиваль-зэпеуэр лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымкIэ, зэфIэкI зиIэхэр къэгъэнэIуэнымкIэ, апхуэдэхэм ядэIэпыкъунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ арт-проектщ.**

2008 гъэм ирагъэжьа фестиваль-зэпеуэр къызэзыгъэпэщар Лъэпкъхэм я унэу Москва дэт къэрал IуэхущIапIэмрэ сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондымрэщ. КъыжыIапхъэщ мы Iуэхур къыхэзылъхьахэм 2012 гъэм УФ-м и Правительствэм и саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщар. Проектыр зэдагъэзащIэ ар зи жэрдэмхэмрэ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Правительствэр, УФ-м и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и Аппаратыр я дэIэпыкъуэгъуу.

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» арт-проектым лъабжьэ хуэхъуащ Кавказым ис лъэпкъхэм я IуэрыIуатэр. Ди эрэм и пэ къихуэ япэ, етIуанэ илъэс минхэм я зэблэкIыгъуэм къэунэхуа эпосыр ЮНЕСКО-м къилъытащ дунейпсо щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэу. Iуэхур щхьэпэщ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэнымкIэ, Хэку лъагъуныгъэм, лъытэныгъэм, IуэрыIуатэм щIэблэр щIэпIыкIынымкIэ, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ, тхыдэм пщIэ хуащIу къэгъэхъунымкIэ. Зэпеуэм жыджэру хэтщ бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщхэр, сабий зеиншэхэр, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр. Iуэхур зэрырагъажьэрэ абы кърихьэлIащ Урысей Федерацэм, КИФЩI-м и хэгъэгухэм щыпсэухэр, сабий художественнэ школхэм щеджэхэр, сурэтыщI гъуазджэм дихьэх ныбжьыщIэхэр. Нэхъыщхьэращи, кIуэ пэтми Iуэхум зрагъэубгъу.

Урысейм и щIыналъэхэм къыдэкIуэу, абы къыхашащ хамэ къэралхэм щыщ ныбжьыщIэхэри. БлэкIа илъэсхэм фестиваль-зэпеуэм хэтащ къэралым и щIыналъэ 12-м Европэм, Азием, Африкэм, Латин Америкэм щыщ, лъэпкъ 50-м къыхэкIа сабий, ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ минипщIым щIигъу. Лэжьыгъэ нэхъыфIхэр хагъэхьащ Москва Лъэпкъхэм я унэм, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ, Москва, Абхъазым (Сыхъум, Гагрэ, Новый Афон), Тыркум (Истамбыл, Анкара, Адана), Иорданым (Амман), Италием (Рим) щагъэува бгъэIэпхъуэ хъу художественнэ выставкэхэм. Абы и фIыгъэкIэ, Урысей Федерацэмрэ хамэ къэралхэмрэ я еджапIэхэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм и тхыдэм щIэблэр драгъэхьэх.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ»-м хуэдэ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми зэрыщымыIэр. Кузьмина Валентинэ къыдигъэкIащ «Сокровище нартов» тхылъыр. «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» тхылъыр бзэ зэмылIэужьыгъуэу 12-кIэ зэрадзэкIащ. Лъэпкъ куэдым щыщ ныбжьыщIэхэм иджы Iэмал яIэщ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм зэщхьэщыкIыныгъэу яIэр зэрагъэпщэну.

Кавказым ис лъэпкъ куэдым я щэнхабзэр къыгуэхыпIэ имыIэу нарт хъыбархэм епхащ. Адыгэ IуэрыIуатэр лъэпкъым и щэнхабзэ фэеплъщ, ди гъуазджэм и щапхъэщ, дунейпсо щэнхабзэр зыгъэбейщ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ гуапагъэр, захуагъэр, ныбжьэгъугъэр, зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъым и блэкIар, и гупсысэр, и Iуэху еплъыкIэхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



## Фыдогъэблагъэ!

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.*
*«Б» дивизионым и Япэ гуп. ЕпщыкIущанэ джэгугъуэ*
*«Спартак-Налшык» - «Ростов-2» (Дон Iус Ростов)*
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*Мэкъуауэгъуэм и 7. Сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м.*

# Нэхъ лъэщхэр Мейкъуапэ щызэхагъэкI

● Каратэ

**Урысей Ипщэм кёкусин-кан каратемкIэ и чемпионатым пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Мейкъуапэ къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ Краснодар крайм, Ростов, Астрахань, Волгоград областхэм, Кърымым, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэту, я спортсмен, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 470-м щIигъу.**

ДИ республикэм и лIыкIуэу зэхьэзэхуэм каратист 30 щыIащ икIи абыхэм ящыщу 13-м медаль зэхуэмыдэхэр къыщахьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Лиходедов Ярославрэ Романенкэхэ Иванрэ Максимрэ.

Дыжьын медалхэр къахьащ Адамян Оганес, Къардэн Беслъэн, Мирюков Вадим, ТхьэкIумашэ Андемыр, Хьэнэ Идар, Шаваев Айдин сымэ. Джэрыджэ Еланэ, Догужий Астемыр, КIуащ Астемыр, Шыбзыхъуэ Къантемыр сымэ ещанэ хъуахэщ.



Зэхьэзэхуэм япэ увыпIитIыр къыщызыхьахэр хэтынущ УФ-м кёкусин-кан каратемкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм екIуэкIыну зэпеуэм.

Ди командэм и тренерхэр Къармокъуэ Амурбэч, Маршэнкъул Къантемыр, Будай Казбек сымэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



# Инар и ехъулIэныгъэ

**Мэкъушэ Инар илъэсий мэхъу, Налшык 75-нэ прогимназием, етIуанэ классым щоджэ. НэхъыфI дыдэу къохъулIэ есэпыр. Шахматым, киокушинкаим, каратем зыщыхуагъасэ гупхэм хэтщ. КъищынэмыщIауи, фIэгъэщIэгъуэну макIуэ мультстудием.**

ИНАР спортымкIэ зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрегъэхьэ. Иджыблагъэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьам и щIыхькIэ бэнакIуэ IэзагъхэмкIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я XVI джэгухэр щекIуэкIащ. Карате лIэужьыгъуэмкIэ килограмм 25 иримыкъухэр зыхэт гупым Инар япэ увыпIэр къыщихьащ. ЩIалэ цIыкIур текIуэныгъэщIэм щогуфIыкI, адэкIи и спорт зэфIэкIхэм хигъэхъуэну и мурадщ.

**НАФIЭДЗ Данэ.**



● БэнэкIэ хуит

# Тэрч щIыналъэм щызэхуос

**«Тэрч Олимп» спорт комплексым щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ республикэ зэхьэзэхуэ. Ар ирагъэхьэлIат Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм.**

ЗЭIУЩIЭР зэрекIуэкIам кIэлъыплъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, Олимп джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, Европэм плIэнейрэ чемпион щыхъуа Салказанов Таймураз, 2024 гъэм ирагъэкIуэкIа Олимп джэгухэм домбеякъ медаль къыщызыхьа, мы гъэм европей чемпионатым щытекIуа Валиев Чермен сымэ, нэгъуэщIхэри.

ХьэщIэхэмрэ спортсменхэмрэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Тэрч щIыналъэ администрацэм и унафэщI Хъущт Аслъэнбий икIи къыхигъэщащ сабий спортым зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ зэрыратыр икIи абы ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрырагъэкIуэкIыр.

ГъэщIэгъуэну икIи удэзыхьэхыу зэхэта зэпеуэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, япэ увыпIэр къихьащ Налшык къалэм и «Гладиатор Аватар» командэм, етIуанэщ Къэрэшей-Шэрджэсым и Нэгъуей щIыналъэм къикIа бэнакIуэхэр, ещанэ хъуащ Бахъсэн къалэм и лIыкIуэхэр.

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм иратащ медалхэр, щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр.

**КЪАНШЫУЕЙ Алим.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.443
Заказыр №1205

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А